ФИФI ФЫМЫГЪЭПУД, ФИ IЕЙ ФЫМЫГЪЭПЩКIУ

АДЫГЭ ПСАЛЪЭ

КЪБР-м И ПАРЛАМЕНТЫМРЭ ПРАВИТЕЛЬСТВЭМРЭ Я ГАЗЕТ ГАЗЕТА ПАРЛАМЕНТА И ПРАВИТЕЛЬСТВА КБР

1924 ГЪЭМ И МЭКЪУАУЭГЪУЭ МАЗЭМ И 1 ЛЪАНДЗРЭ КЪЫДОКI

№203 (23.361) ● 2016 гъэм жэпуэгъуэм (октябрым) и 19, бэрэжьей ● Тхьэмахуэм тхуэ къыдокI ● И уасэр зы тумэнщ ●

adyghe@mail.ru
adyghepsale.ru

● Пэкlу

Абы и фIыщIэм кIуэд иIэкъым

Мы махуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрым щагъэлъапIэ республикэм и япэ Президенту щыта, щIыналъэм и зыужьыныгъэм хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа КIуэкIуэ Валерэ къыззэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъур.

А КЪЭРАЛ лэжьакIуэ цIэрыIуэм и щIыхькIэ дыгъуасэ псалъэ гуапэ куэд щыжаIащ Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал мэкъумэш университетым щрагъэкIуэкIа пэкIм. Къэпсэлъахэм къыхагъэщащ КIуэкIуэм лъэпкъхэр зэкъуэтыным, щIыналъэр ефIэкIуэным и гъащIэ псор зэрытриухуар.

КъБР-м и Iэтащхьэ **КIуэкIуэ Юрий** къыщыпсалъэм къыхигъэщащ КIуэкIуэ Валерэ къэрал лэжьакIуэ лъэщу, политик Iущу зэрыщытар.

- КIуэкIуэ Валерэ икъукIэ къаруушхуэ тригъэкIуэдащ щIыналъэр ефIакIуэ зэпыту, ди къэралыр зэкъуэту екIуэкIын папщIэ. Нобэ дызэрыпсэуэм уеплъмэ, абы а IуэхугъуэшхуэкIэ къехъулIауэ хэлъплъыт хъунущ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президентым гулъытэшхуэ хуищIу щытащ республикэм ис лъэпкъэр зэгурыIуэзэдэIуэжу псэуным. Ар къалэн къудей зыщицIыжауэ аратэкъым абы, атIэ кууэ егупсысауэ Iэхъум бгъэдыхьат. Абы къыгурыIуэрт апхуэдэ зэхущытыкIэ здэщыщыIэ щIыналъэм и экономикэри, и щэнхабзэри, и шынагъэншагъэри къыззрызумыгъэпэщыфынур. Сыт хуэдэ Iэхъуми ар акъыл жанкIэ бгъэдыхьэрт. 1990 гъэ нэхъ гугъэхэм, республикэр гъэунэхуныгъэ куэдым щыпэщIэхуэм, абы хуэзэдIэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэкъуигъэувэныр. Президентым и гупсысэр даIыгъащ цIыхубэмэ. КIуэкIуэ Валерэ сыт щыгъуи ди нэгум зэрыщIэтынур ар къэбэрдей-Балъкъэрым и къуэ пэжу, пажэу зэрыщытарщ, - жиIащ КIуэкIуэ Юрий.

УФ-м и Жылагъуэ палатэм хэт **Нэхущ Заурбий** пэкIум хэтхэм яжриIэн иIэт: «Си гур мэпIейтей КIуэкIуэ Валерэ сыщытепсэлъыхькIэ. Псом хуэмыдзу къыттехьэлъэр ар нобэ къыззрытхэмытыжырщ, - жиIащ Нэхущым. - Къэрал Iуэху зезыгъакIуэ цIыхум и гъащIэр зэи тыншкъым. КIуэкIуэ Валерэ зэман нэхъ гугъуэхэм Къэбэрдей-Балъкъэрыр зэщIигъэуIуащ. Псоми дощIэж 1990 гъэхэр зыхуэдар. Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президентым и акъылкIэ а лъэхъэнэр къызэдэнэкIыфат. Абы и фIыгъэщ лъэпкъэхэр зэрызэпэщIэмыувар. Ар дэри ди щIэблэмэ зыщыдгъэгъупщэ хъунукъым. Мамырыгъэмрэ зэгурыIуэмрэ зэпымыуэ щIэбэна ди пашэм гъэзэджэу къэрал Iуэхур зэтригъэуващ. Сигу къокIыж ар егъэджакIуэхэм я зэхуэсым къыщыпсэлъауэ зэрыщытар. Дакъикъэ 45-рэ хуэдэкIэ абы тхылъымпIэ лъэпкъ имыIэгъуэ егъэджэныгъэ Iуэхур кIуэта зэрыхъунум теухуауэ и гупсысэ купщIафIэхэр къиIуэтат. И псалъэр иухыхункIэ щыму абы едэIуа псори къызэфIэувэри Iэгуауэшхуэ хуаIэтащ. Абы щыгъуэм а цIыху щыпкъэм щхьэкIэ сэ пагагъэ зыхэсщIар ноби спкърытщ. Абы жиIэрт: «Экономикэм ущыщхьэрыуамэ, пхузэгъэзэжуэжнущ, ауэ лъэпкъ зэхущытыкIэхэм ехьэлIауэ зы щыуагъэ пIэщIэкIмэ, ар илъэс пщIы бжыгъэкIи пхуэгъэзэкIуэжынукъым». Ди тхьидзм апхуэдэ цIыху Iущущ ар къызэрыхэнэнур». Нэхущ Заурбий Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий екъуэхъуащ япэ Президентым и пльапIэу щытауэ зыхуэнэмысахэр къеохъулIэну.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и унафэщIым и къуэдзэ **Федченко Людмилэ** къыхигъэщащ КIуэкIуэ Валерэ пщIэшхуэ зиIэ цIыхуу дунейм зэрытетар, абы и чэнджэщхэр ноби къахуэщхьэпэу республикэм и цIыхухэр зэрыпсэур. «Ар сыт щыгъуи жыжьэ плъэрт икIи псалъэмрэ къарумрэ зыхуэунэтIыпхъэр Iупщу ищIэрт. Республикэр зэгуагъэкIын Iэхухэр къыщежьэм, щIыналъэм и псэукIэр щымытынш дыдэм КIуэкIуэ Валерэ жылагъуэ-политикэ щытыкIэр иригъэфIэкIуэжыну хуэзфIэкIат. А псор абы къыщIехъулIам и щхьэусыгъуэ нэхъыщхьэр, сэ къызэрыслъытэмкIэ, и Хэкур гукIи псэкIи фIыуэ ильагъуу, абы хуэгупщIанэу зэрыщытарщ. «Зыми хуэбгъадэ мыхъун щIыналъэ», - жиIэрт абы зэпымыууэ Къэбэрдей-Балъкъэрым щхьэкIэ. КIуэкIуэ Валерэ и псалъэм къару иIэт, абы и фIыгъэкIи республикэм нэхъ нэ лейкIэ сыт щыгъуи къэралыр къеплъу щыташ».

КIуэкIуэ лъэпкъым къабгъэдэкIыу пэкIум кърихьэлIахэм фIыщIэ яхуищIащ КIуэкIуэ Аслъэн. «КIуэкIуэ Валерэ езыри и Iуэхущ Iафэхэри зэрыфщымыгъупщэр ди дежкIэ уасэ зимыIэщ. Къэбэрдей-Балъкъэрым ар сыт щыгъуи хуэпэжащ, ар егъэфIэкIуэным, щIыхухэм я зэхуаку мамырыгъэ дэлъыным телажьащ. Нобэрей махуэр къэзгъэсэбэпу КIуэкIуэ Юрий щхьэхуэу фIыщIэ хуэсщIыну сыхуейт, ди япэ Президентым хиша лъагъуэр имыгъэгъуащэу республикэм зиуэщIыным гулъытэ хэха зэрыхуищIым папщIэ», - жиIащ КIуэкIуэ Аслъэн.

Дауэдапщэхэм щыпащащ Бахъсэн районым и Дыгулыбгъуей къуажэм. Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президентыр ягу къагъэкIыжыну, удз гъэгъахэр абы и кхъащхьэм тралъхьэну республикэ унафэщIхэр, жылагъуэ, политикэ лэжьакIуэхэр, благъэхэмрэ Iыхьлыхэмрэ, къуажэдэсхэр зэхыхьат. Абдеж КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий къыщыхигъэщащ КIуэкIуэ Валерэ и фэепльыр зэи зэрымыкIуэдыжынур. «КIуэкIуэ Валерэ хуэзфIэкIар зэманым зэрыхэмыгъуэщэнум и щыхьэт нэхъыфI ухуейкъым нобэ мыпхуэдизу цIыху дызэрызэхуэсам нэхърэ», - жиIащ КъБР-м и Iэтащхьэм.

БАГЪЭТЫР Луизэ.



Къэбэрдей-Балъкъэрым и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Чэнджэщакlуэ комиссэм хагъэхьащ

Урысейм и Президент Путин Владимир дыгъуасэ IэщIидзащ «Урысей Федерацэм и Къэрал Советым и Чэнджэщакlуэ комиссэр убзыхуным и Iэхуку» унафэм. Комиссэм хыхьащ: Калугэ областым и губернатор Артамонов А. Д., Саха (Якутие) Республикэм и Iэтащхьэ Борисов Е. А., Ростов областым и губернатор Голубев В. Ю., Тулэ областым и губернатор Дюмин А. Г., Томскэ областым и губернатор Жвачкин С. А., Чуваш Республикэм и Iэтащхьэ Игнатьев М. В., Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Ю. А., Ханты-Мансий автоном округым - Юграм и губернатор Комаровэ Н. В., Краснодар крайм и администрацэм и унафэщI (губернатор) Кондратьев В. И., Еврей автоном областым и губернатор Левинталь А. Б., Новгород областым и губернатор Митин С. Г., Ульяновск областым и губернатор Морозов С. И., Архангельск областым и губернатор Орлов И. А., Владимир областым и губернатор Орловэ С. Ю., Москва къалэм и Iэтащхьэ Собянин С. С., Къэрэшей-Шэрджэс Республикэм и Iэтащхьэ Темрезов Р. Б., Красноярск крайм и губернатор Толоконский В. А., Тюмень областым и губернатор Якушев В. В.

УФ-м и Къэрал Советым и Чэнджэщакlуэ комиссэр 2014 гъэм щэкlуэгъуэм и 4-м къызэрагъэпэщащ. Абы и къалэн нэхъыщхьэр УФ-м хыхьэ щIыналъэхэм социально-экономикэ и лъэныкъуэкIэ зауэныным хуэунэтIа къалэн нэхъыщхьэхэр убзыхуныкIэ Президентым зыщIэгъэкъуэнырщ.

www.kremlin.ru

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэм и Iуэхукlэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэм и Указ

1. Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Конституцэм и 81-нэ статьям и «б» пунктым тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу гъэувын **Бэлэтокъуэ Владимир Хьэмац и къуэр**.

2. Мы Указым къару егъуэт Iэ щыщIэздза махуэм щегъэжьауэ.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Iэтащхьэ КIУЭКIУЭ Юрий

Налшык къалэ
2016 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м
№127-УГ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэ Бэлэтокъуэ Владимир

КъБР-м и Iэтащхьэ КIуэкIуэ Юрий дыгъуасэ къыдигъэкIа указымкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщым и къуэдзэу игъэуващ Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэу щыта Бэлэтокъуэ Владимир.

Бэлэтокъуэ Владимир Хьэмац и къуэр Тэрч районым щыщ Урожайнэ къуажэм 1960 гъэм къыщалъхуащ. Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал университетыр къиухащ.

Тэрч районым щыщ Урожайнэ къуажэм щыIа колхозым и экономисту лэжьэн щIидзащ, иужькIэ щIэныгъэ нэхъыщхьэ егъэгъуэтыныкIэ Iэнатlэм, налог органхэм щыIащ. 1998 гъэм щыщIэдзауэ УФ-м и Пенсэ фондым и Iуэхущ Iанlэу КъБР-м щыIэм и унафэщIым и къуэдзэу щытащ. 2015 гъэм и жэпуэгъуэ мазэм Тэрч муниципальнэ районым и щIыналъэ администрацэм и Iэтащхьэу хахащ.

● КъБР-м и Парламентым

Транспортым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн хуейуэ къалъытэ



КъБР-м и Парламентым и Президиумым и зи чэзу зэIущIэр иригъэкIуэкIащ республикэм законхэр къыдэзыгъэкI и орган нэхъыщхьэм и унафэщI Егоровэ Татьянэ. Абы Iуэху зэмылIэужьыгъуэу пщIым щIигъум щытепсэлъыхьащ.

ЗЫХЭПЛЪАХЭМ ящыщщ «2016 гъэм, 2017, 2018 гъэхэм я лъэхъэнэм Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм ФIэкIыпIэ зимыIэ медицинэ страховании кIэ и щIыналъэ фондым и Iэхуку» КъБР-м и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ» КъБР-м и законым и проектыр.

- ЗэхъуэкIыныгъэхэр нэхъыбэу зытеухуар Iуэхущапlэхэр ахъшэкIэ къызэрызэрагъэпэщыр егъэфIэкIуэным, технологие лъагэхэр къыщагъэсэбэп медицинэ дэIэпыкъуныгъэм зегъэубгъуным трагъэкIуэдэн папщIэ щIыналъэ фондхэм я бюджетхэм къыхущIагъу ахъшэм хиубыдэу къаIэрыхьэр сом мелуан 37,1-м нэгъэсынырщ. Абы къыдэкIуэу Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и щIыналъэ фондым и страховой гъэтIылъыгъэм и мардэр илъэсым сом мелуан 429,6-рэ хъууэ гъэувынырщ, - жиIащ КъБР-м и Парламентым Бюджетымкlэ, налогхэмкlэ, финансхэмкlэ и комитетым и унафэщI **Афэщlагъуэ Михаил**.

Депутатхэр апхуэдэу хэпльащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Къэзыпщытэ-къэзыбж палатэм и Iуэхукlэ» КъБР-м и законым и проектым. Ар зыхуэунэтIар финанс аудитым (къэпщытэныгъэм) хуэгъэза къэрал политикэр тэмэму пхыгъэкIыныммкIэ правовой лъабжьэ зэтегъэувэнырщ.

(КIуэхыр 2-нэ нап.).

КъБР-м и Iэтащхьэр хэтащ КIуэкIуэ Валерэ къызэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъуам и щIыхькIэ къыдагъэкIа пощт дамыгъэхэр хэгуэшэн зэрыщIадзэм теухуа зэхыхьэм

Дыгъуасэ КIуэкIуэ Юрий хэтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и япэ Президент КIуэкIуэ Валерэ къызэралъхурэ илъэс 75-рэ зэрырикъуам и щIыхькIэ къыдагъэкIа пощт дамыгъэ хэхахэр хэгуэшэн зэрыщIадзэм теухуа зэхыхьэм.

КАРТОЧКЭР экземпляр мин хъууэ традзащ, дэтхэнэми «2016 гъэм жэпуэгъуэм и 18-м» бжыгъэр тегъэуауэ. Ялп экземпляр ящIым КъБР-м и Iэтащхьэм тритхащ «Къэбэрдей-Балъкъэрым, ди Хэкум я къуэ Гъуэзэджэ» псалъэхэр.

IэщIагъэлIхэм зэрыжаIэмкIэ, карточкэр филателистхэм яфIэгъэщIэгъуэныщ икIи ар зыIэрагъэхьэным хущIэкъунущ. Ар тыгъэ лъапIэу щытынущ ди республикэмрэ абы и тхыдэмрэ иригушхуэхэм папщIэ, жиIащ КIуэкIуэ Ю. А. Къэрал, политикэ лэжьакIуэ гъуэзэджэ КIуэкIуэ В. М. и сурэтыр зытет пощт маркэхэри къыдагъэкIынущ.

КъБР-м и Iэтащхьэмрэ Правительствэмрэ я пресс-Iуэхущ Iанlэ.

Нэ 6.Э

♦**1097 гъэм** Мономах Владимир Урысейр пщыгъуэ-пщыгъуэу гуэшыныр къихилъхьэри, абы арэзы дэхъуащ къэралым и пщыщхуэхэм я советыр.

♦**1812 гъэм** Бонапарт Наполеон и дзэр ихъумэн мурадкIэ Москва дэкIыжащ.

♦**1872 гъэм** Австралием къыщагъуэтащ дунейм щынэхъ ин дыдэ дышэ кIанэр. Абы килограмм 214-рэ грамм 32-рэ и хьэлъагът.

♦**1879 гъэм** Америкэм щыщ электротехник Эдисон Томас ищIа уэздыгъэ лампIыр зищIысыр щIыхуэхэм яригъэлъэгъуащ.

♦**1943 гъэм** стрептомицин антибиотикыр къагупсысащ.

♦**1960 гъэм** США-м и правительствэм унафэ къищтащ Кубэм сату дэмыщIыным, абы экономикэ блокадэ ещIылIэным теухуауэ.

♦**1985 гъэм** Мэлбахъуэ Тимборэ и къулыкъум тетIащ.

♦РСФСР-м и цIыхубэ артисткэ **Болотовэ Жаннэ** и ныбжьыр илъэс 75-рэ ирокъу.

♦Мексикэм щыщ актрисэ, уэрэджьIакIуэ, ди телевизореплъэмэ фIыуэ яцIыху **Кастрэ Вероникэ** и ныбжьыр илъэс 64-рэ ирокъу.

♦Техникэ щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъУ-м и профессор **ЛIыбекъуэ Алексей** и ныбжьыр илъэс 61-рэ ирокъу.

♦Мэкъумэш щIэныгъэхэм я доктор, КъБКъМУ-м и профессор **Шыгунэ Владимир** и ныбжьыр илъэс 58-рэ ирокъу.

♦Америкэм щыщ боксёр щIэрыIуэ, дунейм и чемпион мыхъэ-мытIэу хъуа, Олимп джэгуэхэм жэз медаль къыщызыхьа **Холифилд Эвандер** и ныбжьыр илъэс 54-рэ ирокъу. Ар дуней псом щIэрыIуэ зэрыщытхъуэхэм ящIащ 1997 гъэм къыщыщIауэ щытари - зэзауэу рингым здитым, абы и тхьэкIумэм щыщ гуишхыкIат Тайсон Майк.

Дунейм и щытыкIэнур

«pogoda.yandex.ru» сайтым зэритымкIэ, Налшык пшэр техьэ-текIыу щыщытынущ. Хуабэр махуэм градуси 5 - 7, жэщым градуси 2 - 3 щыхъунущ.

Зыгъэхьэзырар
ЖЬЭКIЭМЫХЪУ Маринэщ.

Лъэпкъ Iущыгъэ:

НэфIэгуфIэ и нэ дыщэ Iуэнтlа щIэлъщ.

Лъэпкъым и къуэ пэж

Адыгэлl щэджащэ КIуэкIуэ Валерэ фэепль хузощI

Къэбэрдейм урикъуэ пажэт,
КIуэкIуэ лъэпкъыр уэ бгъэбжьыфIэрт,
Адыгэ хэкум урипашэт,
Лъэпкъыр куэдкIэ къыщыгугъырт.
ЛIым и ныбжьыр къызэращIэр
Къипсэуаркъым - и Iуэхущафэрщ.
«ЛIым я лIыжщ!» уэ къыпхужаIэу,
ЦIыхухэр фIыкIэ къыпхуэнсалъэрт.
Уи нэмысым, Iэдбгъагъым
Зыдигъэщхьырт Къэбэрдейм.
Адыгэ лъахэм уривагъуэт,
Къуэш къэралэр уэ здэпIыгът.
Ныбжьэгъугъэм уридамэт,
Уи пщIэр щаIэтырт Урысейм.

НАНЭ Любэ,
адыгэбзэмрэ литературэмкIэ Бахъсэн РУО-м и методист

● Пшыхьхэр

КъБР-м и япэ Президентыр ягу къагъэкIыж

Бахьсэн районым и администрацэм щекIуэкIащ Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президенту щыта КIуэкIуэ Валерэ къызэралъхьурэ илъэс 75-рэ щрикъум ирихьэлIэу къызэрагъэпэща фэеплъ пшыхь.

АБы къарагъэблэгъат КIуэкIуэ Валерэ къыдэлажьэхэр, и ныбжьэгъуу щытахэр, и Іыхьлыхэр, Къэбэрдей-Балъкъэрым и тхыдэр КIуэкIуэ Валерэ хэмыту зи нэгу кьыщIэзымыгъэхьэ жылагъуэ лэжьакIуэхэр.

Пшыхьыр кьызэIуихащ Бахьсэн районым и щIыпIэ администрацэм и Іэтащхьэм и кьалэнхэр пIалъэкIэ зыгъэзащIэ **Сыжажэ Хьэсэн**. Ар тепсэлъыхьащ КIуэкIуэм кьжьиКIуа лэжьыгъэ гъуэгуанэм, КъБР-м и и къарал къупльхьущIапIэ зэмылIэужьыгъуэхэм щIа екъуплIэныгъэхэм.

«Ар хущIэкъурт Къэбэрдей-Балъкъэрыр мамыру, зэпIэзэрыту, ефIакIуэу псэуным, лъэпкъхэр зэгурыIуэу зэдзэгъуэгурыкIуэным», - кьыхигъэщащ Сыжажэм.

КъБР-м и япэ Президентым дакъикъэкIэ хуэщыма нэужь, пшыхьым зыкърезыгъэхьэлIа хьэщIэ лъапIэхэр я гукъэкIыжхэмкIэ кьызэхуэсахэм ядэгуэшащ.

КъБР-м и Жылагъуэ палатэм и комиссэм и унафэщI, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым хэта, КъБР-м и Парламентым и Унафэщ1у (япэ, етIуанэ зэхуэсыгъуэхэм), УФ-м и Къарал Думэм и епIанэ зэхуэсыгъуэм и депутату щыта **Нэхущ Заурбий** жиIащ:

- КIуэкIуэ Валерэ бгъэдэлъа Іущагъымрэ ерыщагъымрэщ ди республикэр 90 гъэхэм зыхэта политикэ гугъуехьхэм кьыхэкIыныкIэ щхьэпэ хъуар. Араща зи фIыщIэр хэщIыныгъэшхэу имыIэу Къэбэрдей-Балъкъэрыр зыужьыныгъэм и гъуэгум абы щыгъуэм зэрытехьэфар.

КъБР-м и муниципальнэ щIыналъэхэм я советым и ассоциацэм и унафэщIхэм ящыщ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщ1ым и кьэдзэу, министру щыта **Маслов Николай** кьыхигъэщащ КIуэкIуэ Валерэ Іэтащхьэу щылэжьа лъэхъэнэм республикэм и щIыпIэ псоми бжьамиIм ирикIуэ газ ирашэлIауэ зэрыщытар.

«Ар зэпымыуэу хуэпэжащ президент кьуплькъум щIпрыхьэм ита псалъэм, - жиIащ КъБР-м ШынагъэншагъэмкIэ и советым и секретару 1992 - 1997 гъэхэм, республикэм и прокурору 1998 - 2007 гъэхэм щыта **Чэт Юрэ**. - Лъэпкъыл1 нэсти, цIыху щIыхьыр сыт щыгъуи япэ иригъэщырт. Адрейхэм ар къаззрыхэщ хьэлщэнхэм ящIащт Валерэ Іэхум зыщIащигъэгъуазэкIэ псалъэмакъым кIуапIэ кьызэрымыкIуэхэр кьыхуигъэтурэ купщIэм лъэIэсыфу зэрыщытар.

ЦIыху сымаджхэм, хуэмыщIахэм игу ящIэуэу, хуэзфIэкIымкIэ защIигъакъуэу КIуэкIуэ Валерэ зэрыщытам тепсэлъыхьжащ республикэм узынщагъэр хуэмэнымкIэ и министру щыта **Къардэн Ахьмэд**. Абы кьызэрыхигъащIэмкIэ, а зэманращ республикэм сабийхэм ядэIэпыкъуныкIэ фонд кьыщыщIэзрагъэпэщар, хуэмыщIахэм я псэукIэр нэхъыфI щIыныгъкIэ Іэмалхэр кьагъэсэбэпын щыщIадзар.

«Абы хуэдэ цIыху илъэсищым зэ кьалъхуу араща, - жиIащ Дунейпсо Адыгэ Хасэм и тхьэмадэ, КъБР-м и Правительствэм и Унафэщым и кьэдзэу лэжьа **Сэхъурокъуэ Хьэутий**. - КIуэкIуэ Валерэ жэуаплныгъэшхуэ зыпылъ унафэхэр кьыщтэфырт, и жьIэм цIыхухэр иригъэдIуэфырт, нэхъыщхьэращи, зи пашэ лъэпкъыр фIыуэ илъагурт. Нэгъэсауэ хэкупсэт, кьызыхэкIа лъэпкъым и тхыдэми и хабзэми пщIэшхуэ хуищIырт, ди къэралым щыпсэу нэгъуэщI лъэпкъхэм я лъапIэныгъэхэри илъытэрт».

КIуэкIуэ Валерэ техуэа псалъэ гуапэ, гукъэкIыж хьэлэмэт куэд щыжаIащ а зэIущIэм. КъБР-м и япэ Президентым дэлэжьэну, дэгъуэгурыкIуэну и насыпыр кьихьауэ а пшыхьым кьыщыпсэлъа дэтхэнэми зэхуэдэу кьыхагъащащ ар политик жыжьапIуэ, щIыхьыр игъэпэжу, зэхэщIыкIи иIэу, жэуаплныгъэ лъагэ хэлъу зэрыщытар.

Валерэ и кьуэш КIуэкIуэ Руслан кьызэхуэсахэми фэеплъ пшыхьыр кьызэрыгъэпэщахэми фIыщIэ яхуищIащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым и япэ Президентым папщIэ Нанэ Любэ, Зэгъэштокъуэ Людмилэ, Щоджэн Хьэсэнбий сымэ зэхалъхьа усэхэм школакIуэ цIыкIуэхэр кьеджащ. Кьафэмрэ уэрэдымкIэ «Кавказ» цIыхубэ ансамблым, КъБР-м щэнхабзэмкIэ щIыхь зиIэ и лэжьакIуэ Хьэрэдурэ Динэ сымэ ягъэзэщIа макъамэ тепльэгъуэхэм пшыхьыр ягъэдэхащ. Апхуэдэу кьызэхуэсахэм Іэмал яIащ, политик цIэрыIуэр кьызыхэщ видеотепльэгъуэхэм, «Къэбэрдей-Балъкъэр» ВГТРК-м трихахэм епльыжьину.

ЧЫЛАР Аринэ,
Бахьсэн район щIыпIэ администрацэм и пресс-Іуэхущ1апIэм и унафэщI.

● Ди сурэт гъэтIылъыгъэхэр

Кавказ-бгырыс эскадроным и адыгэ зауэлI, обер-офицер.
Сурэтыр **Белоусов Леонид** *ищIащ. 1848 гъэ*

Транспортым и лэжьыгъэр егъэфIэкIуэн хуейуэ къалъытэ

(КIэухыр. ПщIэдзэр 1-нэ нап.).

КъБР-м и Парламентым БюджетымкIэ, налогхэмкIэ, финансхэмкIэ и комитетым и унафэщIым и кьэдзэ **Мэремыкъуэ Сэфарбий** зэрыжиIамкIэ, законопроектым нэхъ тэмэму щыуз1ыхуащ КъБР-м и Къэзыпщ1ытэ-къэзыбж палатэм и полномочиехэр, къалэнхэр, абы и лэжьыгъэм и кьызэгъэпэщкIэр. Къэрал аудитым и лIэужьыгъуэхэр, КъБР-м и Къэзыпщ1ытэ-къэзыбж палатэм лэжьыгъэм кьыщигъэсэбэп Іэмалхэр, къэрал аудитым и стандартхэр зэрызэтрагъэувэр, апхуэдэу КъэзыпщIытэ-къэзыбж палатэм и лэжьыгъэм кьыщигъэсэбэп нэгъуэщI Іэхуху эри а законопроектым кьыщыгъэлъэгъуащ.

ЗэIущIэм апхуэдэу щыхэплъащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и цIыхухэм пассажир автомобиль транспортымкIэ, къалэхэм щызэкIуэ электрическэ транспортымкIэ, гъущI гъуэгу транспортымкIэ, транспорт Іухуэтхьэбзэхэр яхуэщIэныр кьызэрызэрагъэпэщ щIыкIэм и Іухуэкъ» КъБР-м и законым и проектым. Парламентым ПромышленностымкIэ, транспортымкIэ, связымкIэ, гъуэгу хозяйствэмкIэ и комитетым и унафэщI **Гугу Владимир** абы теухуауэ кьыщыпсалъэм зэрыжиIамкIэ, апхуэдэ законыр сэбэп хьунущ муниципалитетхэр зэпызыщIэ, апхуэдэу муниципалитет щхьэхуэхэм щыIэ маршрутхэм тет транспортыр нэхъ тэмэму гъэлэжьэныкIэ, транспорт Іуэхутхьэбзэхэр шынагъэншагъэмкIэ хабзэхэм къезэгъуэ къызэрэпэщыныкIэ.

А махуэм зытепсэлъыхьахэм ящыщщ «Транспортыр гъэувыпIэ хэхахэм зэрашэ, ар зэрахьумэ, транспортыр зэрахьумэмрэ трагъэкIуэдар зэрырагъэпшныыж, транспортыр зэрыратыж щIыкIэм теухуауэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэ», «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIэ Іыгъуэ зэзыкъэ» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Законым зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэ» законопроектхэр.

Зыхуэфащэ Іэнатіэхэмрэ депутатхэмрэ елэжьыжа нэужь, а законопроект псори КъБР-м и Парламентым и зэIущIэм кьыщыхалъхьэжащ.

Депутатхэм щыгъуаз защIащ «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и депутатхэм я хэхъуэхэм, мылъкум, мылъкум пыщIауэ кьабгъадэхуэ кьалэнхэм ятеухуауэ кьат хьыбархэм я тэмэмагъыр кьэпщIытэныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэм теухуа Положенэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэ» КъБР-м и Парламентым и унафэм и проектым. РегламентымкIэ, депутат щэнхабзэмкIэ, Парламентым и лэжьыгъэр зэгъэуIуныкIэ комитетым и унафэщI **Кансаевэ Еленэ** зэрыжиIамкIэ, нэхъ япэкIэ кьаштауэ щытащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и депутатым и полномочиехэр щигъэзащIэм и деж езым и сэбэп зыхэлъ Іуэху кьыкъуэкIарэ, абы и лъэныкъуэкIэ зэгурымыIуэныгъэхэр кьэхъунумэ е кьэхъункIэ хъунумэ, абы зыхуэфащэ тхыгъэ игъэкъэзыру хэжьуэхэмкIэ хьыбарегъащIэхэм я гъэгъаным кIэлъплъныныкIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и комиссэм зэрыритым теухуа Положенэр. Иджырей проектым зэблегъэкI комиссэр апхуэдэ тхыгъэхэм зэрыхэплъэ икIи абыхэм япкъ иткIэ зыхуэфащэ унафэхэр кьызэрищтэ щыкIэр.

Президиумым хэтхэм кьащта унафэм ипкъ иткIэ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и ЦIыхь тхыльыр ираташ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм щIыхь зиIэ и докутыр Урысмамбэт Шагъир, «Ай-Би-Си Промстрой» трест ООО-м и инженер нэхъыщIхэ Андреев Александр, «КIуэкIуэ В. М. и щIэр зезыхь» Къэбэрдей-Балъкъэр къэрал аграрнэ университет» профессионалыгъэ щIэныгъэ нэхъыщIхэ щрагъэгъуэт федеральнэ къэрал бюджет Іуэхущ1апIэм и лэжьакIуэхэу техническэ механикэмрэ физикэмкIэ кафедрэм и доцентхэу Уэзрокъуэ Таисэ, Тэрчокъуэ Мемунат, уиуэныгъэ конструкцэхэмкIэ кафедрэм и унафэщI Хьэсанэ Мусэ сымэ.

Депутатхэм апхуэдэу унафэ щащтащ Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Парламентым и зи чэзу зэIущIэр жэпуэгъуэм и 27-м зэхуэгъэсыным теухуауэ.

БАТЫР Любэ,
КъБР-м и Парламентым и пресс-Іуэхущ1апIэм и унафэщI.

2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къарал программэм зэхъуэкIыныгъэхэр хэлъхьэным и Іуэхуэ»

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 3-м
Налшык къалэ №177-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

2013 - 2020 гъэхэм ятещIыхьа «Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм физкультурэмрэ спортымрэ зыщегъэужьныр» Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и къарал программэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2013 гъэм мэкъуаугъуэм и 28-м кьыдигъэкIа Унафэ №182-ПП-мкIэ кьищтам, халъхьэ зэхъуэкIныгъэхэр кьэщтэн, мы Унафэм и гуэдзэным зэритым хуэдэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Урысей Федерацэм и мылъкум хиубыдэ щIыхьэм нэмыщI, мэкъумэш щIапIэу къагъэсэбэп адрей щIыхьэр нэгъуэщI гупым хэгъэхьэным теухуа лъэIум и тхыкIэмрэ абы щыгъун хуей документхэмрэ кьэщтэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 5-м
Налшык къалэ №181-ПП

«ЦIыхьэр е щIы Іыхьэхэр зы гупым кьыхагъэкIыу нэгъуэщI гупым зэрыхагъэхьэн и Іуэхуэ» 2004 гъэм дыгъэгъазэм и 21-м кьащта Федеральнэ закон №172-ФЗ-м и 2-нэ статьям и Іыхьэ 2-м и пункт 1-м тету Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

къэщтэн мы унафэ щIыгъуэху:

Урысей Федерацэм и мылъкум хиубыдэ щIыхьэм нэмыщI, мэкъумэш щIапIэу къагъэсэбэп адрей щIыхьэр нэгъуэщI гупым хэгъэхьэным теухуа лъэIум и тхыкIэр;

Урысей Федерацэм и мылъкум хиубыдэ щIыхьэм нэмыщI, мэкъумэш щIапIэу къагъэсэбэп адрей щIыхьэр нэгъуэщI гупым хэгъэхьэным теухуа лъэIум и щIыхьэр хуей документхэр;

Урысей Федерацэм и мылъкум хиубыдэ щIыхьэм нэмыщI, мэкъумэш щIапIэу къагъэсэбэп адрей щIыхьэр нэгъуэщI гупым хэгъэхьэным теухуа лъэIум и щIыгъун хуей документхэр;

Урысей Федерацэм и мылъкум хиубыдэ щIыхьэм нэмыщI, мэкъумэш щIапIэу къагъэсэбэп адрей щIыхьэр нэгъуэщI гупым хэгъэхьэным теухуа лъэIум и формэр.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

Къэрал контрактхэр, договорхэр (зэгурыIуэныгъэхэр), апхуэдэу ахэр гъэзэщIэным хиубыдэу ятха контрактхэр, договорхэр, зэгурыIуэныгъэхэр 2016 гъэм казначей ІуэхуэхэмкIэ зэрыщIагъэбыдэ Хабзэхэм зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэным теухуауэ

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэ

2016 гъэм жэпуэгъуэм и 7-м
Налшык къалэ №183-ПП

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм **унафэ ещI**:

Къэрал контрактхэр, договорхэр (зэгурыIуэныгъэхэр), апхуэдэу ахэр гъэзэщIэным хиубыдэу ятха контрактхэр, договорхэр, зэгурыIуэныгъэхэр 2016 гъэм казначей ІуэхуэхэмкIэ зэрыщIагъэбыдэ Хабзэхэм, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм 2016 гъэм гъатхэпэм и 29-м кьыдигъэкIа Унафэ №43-ПП-мкIэ кьищтахэм, мы кьыкIэлъэныкIуэ зэхъуэкIныгъэхэр хэлъхьэн:

а) пункт 1-м хэт «сом мин 5000» псалъэхэр зэхъуэкIын «сом мин 1000,0» жиIэу;

б) пункт 16-м хэт «еханэмрэ еянэмрэ» псалъэхэр зэхъуэкIын «еханэм, еянэм,ебгъуанэм» жиIэу.

Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэм и Правительствэм и Унафэщ1 МУСУКОВ Алий

● Къэрал комитетхэм

Программэр къыщащтэ, уасэхэр щагъэув

КъБР-м ЭнергетикэмкIэ, тарифхэмрэ псэупIэ кIэлъплъныныгъэмкIэ и къэрал комитетым и правленэм и зэIущIэ жэпуэгъуэм и 12-м зэхэтащ. Абы зэрылажьэну программэмкIэ кьыщащтащ, «Хуабэ езыт Налшык компание» муниципальнэ предприятэ зэхэтым 2016 гъэм цIыхухэмрэ Іэнатіэхэмрэ яхуиутIыпщ хуабэмрэ псы пщтырымрэ я тарифхэр щагъэуващ.

Хуабэ-энергетикэ компаниещIэм фIагъ хэлъу икIи зэпIэзэрыту республикэм и кьалащхьэр хуабэкIэ кьызэрригъэпэщыныщ. 2016 гъэм жэпуэгъуэм и 6-м Налшык кьалэ округым и щIыпIэ администрацэм кьыдигъэкIа унафэ №2112-мкIэ «Хуабэ езыт Налшык компание» муниципальнэ предприятэ зэхэтым Налшык кьалэ округым и щIыналъэр зэуIуу хуабэкIэ кьызэзыгъэпэщ организацэм и статус ираташ.

Правленэм и зэIущIэм хэтащ УФ-м и ФАС-м и Къэбэрдей-Балъкъэр кьудамэм и лIыкIуэ Лъэпщокъуэ Юрэ.

ГУЗЕЕВЭ Индирэ.

● Бахьсэн щIыналъэ

Щауэ Іэхьед и щапхъэр

Бахьсэн кьалэм и щIыпIэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим и жэрдэмкIэ Бахьсэн кьалэм и сабий-ныбжьыщIэ спорт школ №1-м кIэралъхьащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Щауэ Іэхьед ТыитIу и кьуэм и фэеплъ пхъэбгъу.

ЗЭХЫХЬЭМ хэтащ щIыпIэ администрацэмрэ спорт школымрэ я лэжьакIуэхэр, Бахьсэн кьалэм щIэ жылагъуэ зэгухьэныгъэхэм я лIыкIуэхэр, екъулIэныгъэ хъарзынэхэр лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм кьызыгъэлъэгъуа спортсменхэр, фэеплъыр зыхуагъэува Щауэ Іэхьед и Іыхьлыхэмрэ благъэхэмрэ, спорт школым и гъэсэн ныбжьыщIэхэр.

Кьызэхуэсахэм фIэхъускIэ захуигъэзащ Бахьсэн кьалэм и щIыпIэ администрацэм и Іэтащхьэ Мамхэгъ Хьэчим. Абы и псалъэм ихигъэщащ Щауэ Іэхьед Хэкум и пащхьэ щиIэ фIыщIэм и инагъыр, зыIууэ гугъуехьхэм кьамыгъэхьщIэу, пщэрыльэ кьыщащI лэжьыгъэр жэуаплныгъэ пылъу зэфIихьу зэрыщытар, апхуэдэ щIыкIэкIи лъагапIэшхуэхэм зэрынэсар, и лъэпкъэгъуэхэм я мызакъуэу, бахьсэндзэ псоми а лIыр зэращапхэр.

КъБР-м самбэмкIэ и федерацэм и унафэщIым и кьуэдзэ, сабий-ныбжьыщIэ спорт школым и тренер нэхъыжь Пщlэнашэ Мурат пэкIум щыжиIащ Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь Щауэ Іэхьед и цIэр мы спорт школым хуэфащэу зэрызэрихьэр, ар кьызэрызэIуахрэ илъэс 11 фIэкIа мыхъуами, абы зыщIэзыгъэсахэм ящыщу цIыху 40-р спортым и мастер зэрыхъуар, зэфIэкI лъагэхэр иужькIэ кьэзыгъэлъэгъуа спорстмен куэдым а школым кьызэрыщыщIадзар. Мурат кьыхигъащащ Щауэ Іэхьед и Іэфеплъ зэхъэзэхуэ иджыблагъэ Бахьсэн кьалэ зэрыщекIуэкIар, илъэси 9 - 10 ныбжьым ит щIалэ цIыкIуэхэр бэнэныкIэ зэрызэпеуар. Абы щытекIуа ныбжьыщIэхэм пэкIум щIыхь тхьпльэр щратыжащ.

ЛIыхъужьым и фэеплъ пхъэбгъур кьыщызэIуахынум егупсу зыхуэзыгъэхьэзырахэм ящыщт спорт школым и гъэсэнхэмрэ еджакIуэ цIыкIуэхэмрэ. Ахэр кьеджащ я лъахэгъу цIэрыIуэм и щIыхькIэ зэхалъхьа усэхэм. Щауэ Іэхьед и дуней техIкIам, и хьэл-щэну щытахэм тепсэлъыхьащ ар зыцIыхуахэр, лэжьыгъэкIэ кьыдэгъуэгурыкIуахэр, и Іыхьлыхэр.

Щауэ Іэхьед 1932 гъэм Кушмэзыкъуей кьуажэм (иджы Бахьсэн кьалэм) кьыщалъхуащ, сабийуэ зауэм и нэщIэбжьэр и нэгу щIэкIащ, и адэр Хэку зауэшхуэм кIуэри къигъэзэжакъым. 1952 гъэм курыт еджапIэр кьиуха нэужь, Щауэм дзэм кьулыкъу щыщIащ, Бахьсэн къигъэзэжри, абы мэкъумэш Іэщ1агъэ щрату дэт еджапIэм щIэтIысхьащ. И щIэныгъэм Іэхьед щыпищащ 1971 гъэм екъулIэныгъэкIэ кьиуха КъБКъУ-м и мэкъумэш кьудамэм.

Іэхьед лэжьащ и узынщагъи и гуащIи щымысхьу. Абы фIыуэ илъагурт и Іэщ1агъри, гурэ псэкIэ етауэ зытелэжьыхьы щIыри. Щауэм и гуащIэдэкIым кьэралым и гулъытэ лъагэ иГъэтащ: СССР-м и Цыхубэ хозяйствэм кьыбгъэдэкI дыжьын дамыгъэхэм кьыщIэмышща, медаль, орден зэмылIэужьыгъуэхэр лъэхъэнэ зэхуэмыдэхэм кьуриубзэу кьратащ, Лениным и орденыр кьыхуагъэфэщащ. А псом я щхьэ хъуащ 1981 гъэм Щауэ Іэхьед «Социалист Лэжьыгъэм и ЛIыхъужь» цIэ лъапIэр кьызэрыфIащар. Щауэр мызэ-мытIэу щыташ район, кьаза советхэм я депутату, коммунист партым и комиссэ зэмылIэужьыгъуэхэм хэтащ.

1999 гъэм Бахьсэн кьалэ Советым и унафэкIэ Щауэ Іэхьед и цIэр фIащащ ар щыпсэуа уэрамым.

БАЛЪКЪЫЗ Аминэ,
Бахьсэн кьалэм и щIыпIэ администрацэм и хьыбарегъащIэ Іуэхущ1апIэм и лэжьакIуэ.

● Гу зылъытапхъэ

«Урысейм и къру хужьхэр»

Москва кьалэ щекIуэкIынущ дунейпсо литературэ-макъамэ фестиваль, УФ-м и Федеральнэ Зэхуэсым ФедерацэмкIэ и Советым, Къэрал Думэм, ТхакIуэхэм я зэгухьэныгъэм я унафэщIхэм, къэралым и щIыналъэ зэмылIэужьыгъуэхэм я Іэтащхьэхэм даIыгъуэ кьызэрагъэпэщауэ.

ЦIыхубэм я зэхъуэтыныгъэр гъэбыдэным теухуа фестивалым хэтынущ ди къэралым и хэгъуэгуфэм щыщу зи Іэщ1агъэм хуэIэижь тхакIуэхэр, музыкантхэр, артистхэр, сурэтыщIхэр, жылэ-ныгъуэ лэжьакIуэхэр. Щхьэхуэу кьызэрагъэпэщащынущ «Урысейм и къру шыр хужьхэр» зэпеуэри - сабий зэчиифIэхэм, зи узынщагъэр зэкIэлъымыкIуэ цIыкIуэхэм яхэту, я зэфIэкIыр щагъэлъэгъуэну Іэмал яIэу. ЕджакIуэхэм я зэхьэзэхуэм кьрикIуар кьызэщIикъуэу кьызэгъэпэщакIуэхэм я мурадщ сабийхэм я Іэдакъэщ1экI нэхъыфIхэр щызэхуэхьэса, «Урысейр зэрыуардэр лъэпкъхэм я зэныбжьэгъугъэрщ» фIэщыгъэщIэм щIэт тхыльэ кьудагъэкIыну.

Урысей Федерацэм щэнхабзэм, егъэджэныгъэм зыщегъэужьным, щIэблэр хэкупсэу кьэгъэхьуным хэлъхьэныгъэшхуэ хуэзыщIа егъэджакIуэхэм, гъэсакIуэхэм, ныбжьыщIэхэм иратынущ «Урысейм и къру хужьхэр» орденрэ Лъэпкъым я зэныбжьэгъугъэм и ЦIыхь Дамыгъэрэ.

Псалъэм кьыдэкIуэу кьызэдгъэщынщи, 2014 гъэм екIуэкIа апхуэдэ фестивалым КъБР-м щыщу и лауреат хъуар ускIуэ Додуев Аскэрщ.

Мы гъэм литературэ-макъамэ фестивалыр щекIуэкIынур щэкIуэгъэуэм и 8 - 9 махуэхэрщ, Москва кьалэ дэт Литераторхэм я центральнэ унэм.

Фестивалым и кьызэгъэпэщкIэм теухуауэ нэхъыбэ кьыщыбгъэтынущ www.belzhurros.ru сайтым. Телефоныр: 8-495-722-69-82, электрон поштыр: belzhurros@yandex.ru.

НЫБЭЖЬ Таисэ.

Сыт псом ящхьэр?

● Шэрэдж щIыналъэ

Къэбэрдей-Балъкъэрым гъуэгу хозяйствэмкIэ и Іуэхущ1апIэм и зэфIэкI псори ирехьэлIэ ди щIыналъэм и зыплъыхьыпIэ щIыпIэхэм екIуэлIэ гъуэгухэр зыхуей хуэгъэзэным.

ЛЭЖЬЫГЪЭ нэхъ инхэр щызэфIахыну щIыпIэхэм ящыщщ Шэрэдж щIыналъэм и «Зэрэгъыж» зыгъэпсэхупIэр. Иужьрей илъэситIым Жэмтхьэлэрэ, Къэщтэуэрэ зэпызыщIэ Іыхьэхэм, гъуэгу зэхэкIыпIэхэм жьы хъуауэ теПъ асфальтыр щахъуэжащ, гъуэгуэгъэльагъуэ дамыгъэхэр кьагъэщIэрэщIэжащ.

«Зэрэгъыж» гъуэгум мыхьэнэ ин иIэщ ди щIыналъэм и зыплъыхьакIуэ ящыщ Шэрэдж щIыналъэм и «Зэрэгъыж» зыгъэпсэхупIэр. Иужьрей илъэситIым Жэмтхьэлэрэ, Къэщтэуэрэ зэпызыщIэ Іыхьэхэм, гъуэгу зэхэкIыпIэхэм жьы хъуауэ теПъ асфальтыр щахъуэжащ, гъуэгуэгъэльагъуэ дамыгъэхэр кьагъэщIэрэщIэжащ.

Зэрэгъыжкъэ гъуэгум мыхьэнэ ин иIэщ ди щIыналъэм и зыплъыхьакIуэ ящыщ Шэрэдж щIыналъэм и «Зэрэгъыж» зыгъэпсэхупIэр. Иужьрей Аушыджэр и псы хущхъуэхэм, Балъкъэр Ипщэм и кьурш лъапэхэм, Бесенги жьанэм, нэгъуэщIхэми.

Гъуэгу лэжьыгъэхэм кьадэкIуэу, зыгъэпсэхупIэ щIыпIэхэм щелэжьынущ тракторт гъэувыпIэхэр гъэблэджыныныпрэ ахэр иджырей мардэхэм тету кьызэгъэпэщынымрэ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Илъэс 2800-кІэ щІым щІэлъащ

**Зеикъуэ пэмыжыжьэу къыщагъуэта кхъэлъаэхэр Москва къикІа щІэныгъэлІхэм илъэсищ хъуауэ адж. Къэрал тхыдэ музейм и археологие къудамэм и лэжьакІуэхэм. Кадиевэ Аннэ я пашэу, иужьрей тхьэмахуищым кууэу иратыхащ кхъэлъаэхэр. ЗэбгъуэзнатІэу иратыха кхъэм, зыр зым и лъабжьэ щІэлъу, хьэдэ зыбжанэ къыщагъуэтащ. И лъабжьэ дыдэ щІэлъым илъэс 2800-рэ и ныбжьыщ, ищхьэм телъыр илъэс 2300-м ноблагъэ. Зеикъуэдэсхэм мы кхъэм щхьэкІэ «Нартхэм я кхъэ» жаІэ. Абы къыдэкІуэуи къыхагъэщ мы щІыпІэм илъэсищэ бжыгъэ хъуауэ зыри зэрыщыщІамыльхьар. Къагъуэта хьэдэхэм ящыщу тІум я щхьэпхэтІыгур кІыхьу хэщащ. Абы и закъуэкъым укъэзыгъэІэбжьыр! Абыхэм яхэтщ цІыхубз хьэдэ, и кхъэлэгъунэм нысащІэ хьэпшыпхэр, домбеякъ Іэльынхэр, тхьэгъуэхэр, Іэпщэхъуэхэр куэду щІэлъу. Іэ емыІусауэ, илъэс 2800-рэ илъэкІэ зэрагъэтІылъам хуэдэу щылъщ нобэми. А псори «ныщІэм» кІэрылъу щІалъхьагъэнущ. ГъэщІэгъуэныщэращи, хьэпшыпхэм ящыщ зыбжанэ щабзэпэм къыхащыкІыжауэ къахутащ.

ПСОМ нэхърэ нэхъ телъыджэжьыр гущІэм зэрилъу щІалъхьа сабий хьэдэращ! Нэхъ тэмэму жьипІэмэ, гущІэм илъ Іэмэпсымэхэр... Памперсхэр къагупсысын и пэ, адыгэхэм сабийхэм цІыбз далъхьэу щытащ. Кадиевэ Аннэ жеІэ гущІэм апхуэдэ цІыбз илъу къагъуэтауэ. А къэхутэныгъэр щцихьэт тохъуэ илъэс минищ ипэкІэ мы щІыпІэхэм щыпсэуа лъэпкъымрэ адыгэхэмрэ зэпхауэ, уеблэмэ зыуэ зэрыщытыр, зы хабзэ, зы Іэмэпсымэхэр зэрахьэу зэрыщытам тепщІыхьмэ.

Апхуэдэу, Зеикъуэ и Іэгъуэблагъэм хьэдэ зыбжанэ иджыри къыщыдгъуэтащ. Абыхэм ящыщу зыр илъэс 16 зи ныбжьыкІи пщащэу. Хьыджэбзым и хьэпэхэтІыгур кІыхьщ, и дзэхэр зэрыщыту Іутщ, илъэс 2300 - 2400 ипэкІэ щалъхьащ. Апхуэдэ щхьэпхэтІыгу кІыхь зиІэ хьэдэ зыбжанэ

● Дэ къытхуатх



Гундэлэн и ижьырабгъукІэ къыщыдгъуэтауэ щытащ илъэс зытІущ ипэкІэ. ЦІыхухэм яфІэгъэщІэгъэнщ абыхэм я щхьэр кІыхьу хэшауэ зэрыщытар. Абы щхэу хэлъкъым - а зэман жьжьэм хабзэу щыІащ. сабий щІынэм и щхьэр быдэу якъуэрэ, щхьэпхэтІыгур кІыхь ящІу, псы хьумапІэр Псыжькіэ гъэнщІа хъуркъым. А Іузхур къалъытакъым проектыр зыщІахэм.

Арати, бжьэдыгъу жьлэ 13-м зы цІыху къыдамынэу ягъэІэпхъуащ, иджыри 9-м цІыху хуэд дыдэ къыдагъэІэпхъуКІащ, ауэ зэрыщыту дашифакъым. ЦІыхухэм я унэхэр ябгынэну хуейтэкъым, къахудэкІыртэкъымми, къалэм унэ щыхуауауэ, фэтэр, лъапсэ къыщратыну жраІэурэ, къыдашырт гъэпцІагъэкІэ.

Дэнэт здагъэІэпхъуэнур жьпІэмэ, Адыгейкэт, ауэ абы щыгъуэ ар иджыри щыпІэ нэщІт.

Унагъуэ 1957-рэ ягъэІэпхъуащ, ахэр цІыху мини 8145-рэ хъурт. 1969 гъэм фокІадэм и 27-м Адыгейск ялэ дыдэу дзтІысхащ Льостэнхьэблэ щыщ унагъуэ 22-рэ. Абыхэм адрейхэри якІэлъыкІуащ.

- Сэ фІы дыдэу сощІэж Адыгейск дыкъыщагъэІэпхъуауэ щытар, - жеІэ а къалэм и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэу лэжьа **Жамырзэ Гуащэнагъуэ**. - Сэ курыт еджапІэм сыщІэст иджыри. Нэуэжьхэм я унэлъапсэр ябгынэну хэуменуэ, зыкъранэрт, ауэ залымыгъэкІэ къыдашырт. Іэщ, адрейхэм хуэдэу, унэ хьэзыр къыдэжьэу, дызыхуеину псори хьэзыру къыдэжаІэрт. Ауэ дыкъыздагъэкІуар щытлъэгъуам дыкъэуІэбжьат. Адыгейск зыттращІыхьыну щІыр шэду щытащ, хьэндырэкъуакъуэм-рэ блэмрэ щыкуэду. Сытыт пщІэнур, пхъэкІэ зэІуІа унэжь цІыкІухэм дыщІэст, хэти, зэрыхуэзфІэкІым хуэдэу, унэ ихуэрт, зыр зым дэІэпыкъуу. Ауэрэ унэ гуэрхэри къалэм дащІыхьащ, къэралми мащІэу зыкъыткІигъакъуэу щидзащ. Пэжыр жьпІэмэ, шэдымрэ псы хъумапІэмрэ зыкъуаГащІэрт - блынхэр псыІэ къэхъуурэ, фырт, бамэм унэм ущІигъэсыртэкъыми, нэхъыбэрэ щІыбым дыдэтмэ нэхъ къатщтэрт. Мэзхэр ираупщІыкІати, щІыр къещэтэх хъуат, ди унэхэр ячІгъауэу; пхъэгъэсынри зыгъэурэ къэгъуэтын хуейт, псы дызэфэнри къатшэу арат. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, нитратхэ къулей щыпІэпшэрхэр щІым щІалъхьэрти, а гын бзаджэр щІым кІуэцІрыкІыурэ, ди псыкъуийжэм нэсырт, абы уефэнри уи Іэкіэ зыбукІыжьыри зыт. Зи Іуфэхэр фІыуэ ямыгъэбыда псы хъумапІэм ибгъуэхэр гуилъэсыкІырти, псыІагъэм нэхъри зиубгъурт, щІым укІуэцІрыщэтырт. Псы хъумапІэр Іэтауэ къызэІуахащ, ар ягъэльэпІащ, ауэ лІэныгъэр куэдкІэ нэхъыбэ хъуат, къалъхуэхри мащІэ дыдэт. Ди щІалэщІэхэр армэм ирадджэжьыркъым, я узышащэр щІагъуэтэкъыми. Ялэми хуэдэу, нобэр къыз-дэсым ди щІалэгъуалэм я упщІэ нэхъыщхьэр зыщ - дэнэ лэжьапІэ дыкІуэну, дэнэ ахъшэ къыщыдлэжьну? Цыху минхэр Краснодар нэс лэжьапІэ макІуэ. СытнэгъуэщІкъахуэнэжьр? Аращ ди щыІэкІэ-псэукІэр зыхуагъэкІуар.

Прунж тонн мелуанхэрщэ, жьпІэмэ, ди щІыпІэхэм прунжьыр къыщыкІрэ-къыщымыкІрэ зрагъэщІэн хуеятэкъэ ярэпщІыкІэ?! Ари проектыр зыгъэхьэзырахэм я зы щыуагъэщ. КъызэрыщІэкІамкІэ, гектар минищэ бжыгъэхэр зыхуагъэкъэбза Іуэхур нэхъыщхьэ дыдэу зыхуэкІуар къэзыхъуреихь щІыуэпсым хэлъ гъащІэр иукІынырщ. Псым апхуэдизкІэ нитратрэ гъущІ хьэлъэхэмрэ куэду хэльщи, бдзэжьей хэс дэнэ къэна, ухуейуэ хэбгъэтІысхьэми, зы махуэ хэсыфыныкъым, къаэхэмрэ бабыщхэмрэ абдеж щагъэтІылъ джэдыкІэхэр шкІымпІ мэхъу. Гъэмахуэм бадзэмрэ аргуеймрэ апхуэдизкІэ куэдщи, зэрызащыхъумэн къыпхуэгъуэтыркъым.

Арами, цІыхухэр хуейкъым псы хъумапІэм ит псы фІейр Псыжь храгъэкІэжьну, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, псоми фІыуэ къагуроІуэ абы кърикІуэну къулейсызыгъэм и инагъыр. ЦІыхухэр зыщІэлъэІур зыщ - «Краснодар хым» и щытыкІэмрэ и зэхэлъыкІэмрэ мардэм къитІасэу, шынагъуэ хэмылъу ар зи лэжьыгъэхэм «яІыгъыныр». БлэкІар блэкІащ, абы зыри пхуещІэжьнукъым. Псом хуэмыдэу уи блэкІар псы лъабжьэм щыщІэлъым деж. Гуэущ, ауэ сыт пщІэн? Ари гъащІэм и зы лъэхъэнэщи, уебэкъуэн хуейуэ аращ.

Е мыхъу фІы хъужыркъым, жаІэ. Иджы АдыгейскefIакІуэу къалъытэ. Ар нэрылъагъущ, икІи а щыпІэр илъэс 47-рэ ипэкІэ къуму щытауэ, «шэдым къыхэкІауэ», апхуэдизу щІалэу фІэщщІыгъуейщ. Курыт еджапІэ, сабий сад, сымаджэщ, музей, гуязджэхэмкІэ сабий еджапІэ, сабий-щІалэгъуаэ спорт школ, сабий туризмэм и центр, мэжджыт, Щэнхабзэм и унэ, газет тедзапІэ, тыкуэн бжыгъэншэхэр, шхапІэ хьэлэмэтхэр, унэ лъагэшхуэхэр, ІуэхущапІэхэр, библиотекэхэр.. Сыт иджыри узыхуейр упсэун папщІэ? КьедмыбжэкІахэри хэтыжу, псори иІэщ къалэ цІыкІум.

СпортымкІэ, музыкэмкІэ екъулІэныгъэшхуэхэр зиІэхэр, Хэку зауэшхуэм лІыгъэ щызэезыхьахэр, лэжьыгъэм и ветеранхэр, зэчиифІэ цІыхухэр и куэдщ Адыгэ къалэм. ФІы и лъэныкъуэкІэ гъащІэм закъыхуигъэзауэ жьпІэ хъунущ.

Сэрматхэр, мэуэтхэр, хьэтхэр щызэхэзэкІуэу, гъащІэр къыщикъуэлъыкІыу щыта щІыщ нобэ Адыгэ къалэр зытетыр. Ар абдеж къыщыкъутэн папщІэ Щхьэндджэрийхьэблэ, Едэпсыкъуэй, Щэбэныхьэблэ, Лэхъщыкъуей, Лениныхьэблэ, Къэзэныкъуей, Нэчэрэзей, Маяк, Льостэнхьэблэ, Кармалино, Кьэнщыкъуейхьэблэ, Пщыкъуийхьэблэ, нэгъуэщІ жьлэ зыбжанэхэри кІуэдыжащ. Дэтхэнэ зы къуажэми илъэсищэ бжыгъэ тхыдэ иІэжт. Дауэ мыхъуами, иджыри дунейм щбдауэ жыг жьауэхэм щІэгъэпщкІухьа жьлэ дахэм хуэзэшхэр, псы уэрым и Іущэщкіэр зи тхьэкІумэ итхэр, щы фІыцІэ пшэрым и берычэтыр зыщІэжкэр, псэм фІэІэфІ унэ-лъапсэ уасэнэшэм и теплъэр зи нэгу щІэмыкІыжкэр.

А зэман жьжьэм и хьыбар щаІуэтэжкІэ, куэдым ягу къокІыж щыпІэр ибгынэну хуэмейуэ къэна хьэжьыр. Сыт ямыщІами, къахудэкІакъым. Хьэр зей лІыжьыр абы кІэлъыкІуэрэ игъашхэр. КІуэ пэтми, псы хъумапІэр щыз хъурт, къыдэкІуейрт, хьэжьыр щыдэлъ лъапсэм ар къыщекІуалІэкІэ, пщІэуурэ, икІуэтырт. Унэр псым щыщІэтІысыкІам ирихьэлІэу, хьэжьми и псэр зэкІат.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● Щыуэпс хъыбархэр

Хэт нэхъыжьыр?

Медицинэмрэ техникэмрэ зыщагужьа зэманым дыщыхиубыдакІэ, цІыхухэри куэдрэ псэун хуейт. Ауэ, щІэныгъэлІхэм зэрыжаІэмкІэ, цІыхур илъэс 26-м иту жьы хъун щІедзэ. Ар къызыхэкІар къаруКІэ ягъэзащІэ лэжьыгъэр цІыхум щхьэщыщых, къыдэзыгъэпсынщІэ техникэ къызэрежьащ. Абы къыхэкІыу щхьэхынэр нэхъыбэ хъуащ. Инфаркт, инсулт, къищынэмыщІа узыфэ шынагъуэхэр яхуогъэхъуж, ауэ щхьэхынагъэм къыхэкІыу жьы хъун щІэздза цІыхум зыри сэбэп хуэхъуфынукъым. Щхьэхынэр хьэуар, псыр щымыкъабзэ щыпІэм щыпсэумэ, ерыскъы къабзэ имышхмэ, и псэугъуэщІэрэщІэгъуэ дыдэм ирихьэлІэу жьы хъун щІедзэ.

● ● ●

ЦІыкІурэ икІи шынагъуэу

ООН-м игъэбелджылащ дунейм псэущхьэ нэхъ шынагъуэ дыдэу тетхэр. Абыхэм я нэхъыбапІэм уз зэмылІэужьыгъуэхэр къраХьэкІ, еращ щІэшынагъуэри. Ялэ уВыпІэм щытыр аргуейхэращ. А цІыкІынитІхэхэм я ягъэкІэ илъэсым цІыху мин 750-рэ уз зэхуэмыдэхэм йолІыкІ. ЕтІуанэ уВыпІэр езы цІыхум иубыдащ. Езыхэм я ягъэкІэ илъэсым цІыху мин 437-рэ дунейм йохьэж. Ещанэр - блэхэращ (цІыху мини 100). Хьэхэр еплІанэщ (цІыху мин 35-рэ). КъыраджкІахэм яхэтщ нэщІэпкІэхэри (цІыху мин 20)! Адэкіэ къыкІэлъэкІуэ бжьыдзэхэр (цІыху мин 12), бадзэхэр (цІыху мини 10), маркуэр (цІыху 4500-рэ), благъуэхэр (цІыху мин), кІэтІийм ирищІэ ленточнэ хьэмбылухэр (цІыху 700). ЦІыхум дежкІэ шынагъуэм хеубыдэ пылхэр, аслъэнхэр, дыгъужьхэр, акулэхэр.

Адыгэ къалэм и къэунэхукІар

● Иджырей тхыдэ

Адыгэ къалэр (Адыгейск) хы ФІыцІэмкІэ уикІыу Адыгэ Республикэм ущыхуэкІуэкІэ ялэу узыІущІэ къалэрщ. Ар зэраухуэрэ илъэс 47-рэ хъууэ аращ. Дунейм и къалэ цІыкІу мин бжыгъэхэм ящыщщ, езым и тхыдэ, и цІыху телъыджэхэр иІэжщ.

1969 ГЪЭМ ди къэралым и картэр иджыри зы къалэкІэ нэхъ бей хъуащ - Адыгэ автоном областым хыхьэ Теучэж щыналъэм Адыгейск къалэщІэр къыщыунэхуащ. Ар фІы дыдэкъэ-тІэ? ФІыт, ауэ сыт абы щхьэкІэ ящІэн хуей хъуар?

Илъэсым прунж тонн мелуан бжыгъэхэр Адыгейм къыщрахьэлІэну, хамэ къэралхэм кърашыр ІэщІыб ящІыну, абы папщІи Краснодар псы хъумапІэ лъэщ щаухуэну траухуат унафэщІхэм. А мурадыр къайхъулІэн папщІэ, нэ зраща щІыпІэм ис къуажэ 22-р игъэкІын хуейт. Урысейр къэрал абрагъуэщ. Сыт абы дежкІэ жьлэ 22-р зищІысыр?!

Жьлэдэсхэр сыт хуэдэу мытхьэусыхами, зыри къикІакъым - Москва унафэщащІат Псыжь ІуащІэну. Гъатхэм а псыр уэру къожэ, ауэ гъэмахуэм, бгым телъ уэсыр ткІужа, дыгъэ жьэражьэр щІылъэм къыщхьэщыуба нэужь, псы хъумапІэр Псыжькіэ гъэнщІа хъуркъым. А Іузхур къалъытакъым проектыр зыщІахэм.

Арати, бжьэдыгъу жьлэ 13-м зы цІыху къыдамынэу ягъэІэпхъуащ, иджыри 9-м цІыху хуэд дыдэ къыдагъэІэпхъуКІащ, ауэ зэрыщыту дашифакъым. ЦІыхухэм я унэхэр ябгынэну хуейтэкъым, къахудэкІыртэкъымми, къалэм унэ щыхуауауэ, фэтэр, лъапсэ къыщратыну жраІэурэ, къыдашырт гъэпцІагъэкІэ.

Дэнэт здагъэІэпхъуэнур жьпІэмэ, Адыгейкэт, ауэ абы щыгъуэ ар иджыри щыпІэ нэщІт.

Унагъуэ 1957-рэ ягъэІэпхъуащ, ахэр цІыху мини 8145-рэ хъурт. 1969 гъэм фокІадэм и 27-м Адыгейск ялэ дыдэу дзтІысхащ Льостэнхьэблэ щыщ унагъуэ 22-рэ. Абыхэм адрейхэри якІэлъыкІуащ.

- Сэ фІы дыдэу сощІэж Адыгейск дыкъыщагъэІэпхъуауэ щытар, - жеІэ а къалэм и администрацэм и Іэтащхьэм и къуэдзэу лэжьа **Жамырзэ Гуащэнагъуэ**. - Сэ курыт еджапІэм сыщІэст иджыри. Нэуэжьхэм я унэлъапсэр ябгынэну хуэмейуэ, зыкъранэрт, ауэ залымыгъэкІэ къыдашырт. Іэщ, адрейхэм хуэдэу, унэ хьэзыр къыдэжьэу, дызыхуеину псори хьэзыру къыдэжаІэрт. Ауэ дыкъыздагъэкІуар щытлъэгъуам дыкъэуІэбжьат. Адыгейск зыттращІыхьыну щІыр шэду щытащ, хьэндырэкъуакъуэм-рэ блэмрэ щыкуэду. Сытыт пщІэнур, пхъэкІэ зэІуІа унэжь цІыкІухэм дыщІэст, хэти, зэрыхуэзфІэкІым хуэдэу, унэ ихуэрт, зыр зым дэІэпыкъуу. Ауэрэ унэ гуэрхэри къалэм дащІыхьащ, къэралми мащІэу зыкъыткІигъакъуэу щидзащ. Пэжыр жьпІэмэ, шэдымрэ псы хъумапІэмрэ зыкъуаГащІэрт - блынхэр псыІэ къэхъуурэ, фырт, бамэм унэм ущІигъэсыртэкъыми, нэхъыбэрэ щІыбым дыдэтмэ нэхъ къатщтэрт. Мэзхэр ираупщІыкІати, щІыр къещэтэх хъуат, ди унэхэр ябгынэну хуейтэкъым, къахудэкІыртэкъымми, къалэм унэ щыхуауауэ, фэтэр, лъапсэ къыщратыну жраІэурэ, къыдашырт гъэпцІагъэкІэ. Сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, нитратхэ къулей щыпІэпшэрхэр щІым щІалъхьэрти, а гын бзаджэр щІым кІуэцІрыкІыурэ, ди псыкъуийжэм нэсырт, абы уефэнри уи Іэкіэ зыбукІыжьыри зыт. Зи Іуфэхэр фІыуэ ямыгъэбыда псы хъумапІэм ибгъуэхэр гуилъэсыкІырти, псыІагъэм нэхъри зиубгъурт, щІым укІуэцІрыщэтырт. Псы хъумапІэр Іэтауэ къызэІуахащ, ар ягъэльэпІащ, ауэ лІэныгъэр куэдкІэ нэхъыбэ хъуат, къалъхуэхри мащІэ дыдэт. Ди щІалэщІэхэр армэм ирадджэжьыркъым, я узышащэр щІагъуэтэкъыми. Ялэми хуэдэу, нобэр къыздэсым ди щІалэгъуалэм я упщІэ нэхъыщхьэр зыщ - дэнэ лэжьапІэ дыкІуэну, дэнэ ахъшэ къыщыдлэжьну? Цыху минхэр Краснодар нэс лэжьапІэ макІуэ. СытнэгъуэщІкъахуэнэжьр? Аращ ди щыІэкІэ-псэукІэр зыхуагъэкІуар.

Прунж тонн мелуанхэрщэ, жьпІэмэ, ди щІыпІэхэм прунжьыр къыщыкІрэ-къыщымыкІрэ зрагъэщІэн хуеятэкъэ ярэпщІыкІэ?! Ари проектыр зыгъэхьэзырахэм я зы щыуагъэщ. КъызэрыщІэкІамкІэ, гектар минищэ бжыгъэхэр зыхуагъэкъэбза Іуэхур нэхъыщхьэ дыдэу зыхуэкІуар къэзыхъуреихь щІыуэпсым хэлъ гъащІэр иукІынырщ. Псым апхуэдизкІэ нитратрэ гъущІ хьэлъэхэмрэ куэду хэльщи, бдзэжьей хэс дэнэ къэна, ухуейуэ хэбгъэтІысхьэми, зы махуэ хэсыфыныкъым, къаэхэмрэ бабыщхэмрэ абдеж щагъэтІылъ джэдыкІэхэр шкІымпІ мэхъу. Гъэмахуэм бадзэмрэ аргуеймрэ апхуэдизкІэ куэдщи, зэрызащыхъумэн къыпхуэгъуэтыркъым.

Арами, цІыхухэр хуейкъым псы хъумапІэм ит псы фІейр Псыжь храгъэкІэжьну, сыт щхьэкІэ жьпІэмэ, псоми фІыуэ къагуроІуэ абы кърикІуэну къулейсызыгъэм и инагъыр. ЦІыхухэр зыщІэлъэІур зыщ - «Краснодар хым» и щытыкІэмрэ и зэхэлъыкІэмрэ мардэм къитІасэу, шынагъуэ хэмылъу ар зи лэжьыгъэхэм «яІыгъыныр». БлэкІар блэкІащ, абы зыри пхуещІэжьнукъым. Псом хуэмыдэу уи блэкІар псы лъабжьэм щыщІэлъым деж. Гуэущ, ауэ сыт пщІэн? Ари гъащІэм и зы лъэхъэнэщи, уебэкъуэн хуейуэ аращ.

Е мыхъу фІы хъужыркъым, жаІэ. Иджы Адыгейск efIакІуэу къалъытэ. Ар нэрылъагъущ, икІи а щыпІэр илъэс 47-рэ ипэкІэ къуму щытауэ, «шэдым къыхэкІауэ», апхуэдизу щІалэу фІэщщІыгъуейщ. Курыт еджапІэ, сабий сад, сымаджэщ, музей, гуязджэхэмкІэ сабий еджапІэ, сабий-щІалэгъуаэ спорт школ, сабий туризмэм и центр, мэжджыт, Щэнхабзэм и унэ, газет тедзапІэ, тыкуэн бжыгъэншэхэр, шхапІэ хьэлэмэтхэр, унэ лъагэшхуэхэр, ІуэхущапІэхэр, библиотекэхэр.. Сыт иджыри узыхуейр упсэун папщІэ? КьедмыбжэкІахэри хэтыжу, псори иІэщ къалэ цІыкІум.

СпортымкІэ, музыкэмкІэ екъулІэныгъэшхуэхэр зиІэхэр, Хэку зауэшхуэм лІыгъэ щызэезыхьахэр, лэжьыгъэм и ветеранхэр, зэчиифІэ цІыхухэр и куэдщ Адыгэ къалэм. ФІы и лъэныкъуэкІэ гъащІэм закъыхуигъэзауэ жьпІэ хъунущ.

Сэрматхэр, мэуэтхэр, хьэтхэр щызэхэзэкІуэу, гъащІэр къыщикъуэлъыкІыу щыта щІыщ нобэ Адыгэ къалэр зытетыр. Ар абдеж къыщыкъутэн папщІэ Щхьэндджэрийхьэблэ, Едэпсыкъуэй, Щэбэныхьэблэ, Лэхъщыкъуей, Лениныхьэблэ, Къэзэныкъуей, Нэчэрэзей, Маяк, Льостэнхьэблэ, Кармалино, Кьэнщыкъуейхьэблэ, Пщыкъуийхьэблэ, нэгъуэщІ жьлэ зыбжанэхэри кІуэдыжащ. Дэтхэнэ зы къуажэми илъэсищэ бжыгъэ тхыдэ иІэжт. Дауэ мыхъуами, иджыри дунейм щбдауэ жыг жьауэхэм щІэгъэпщкІухьа жьлэ дахэм хуэзэшхэр, псы уэрым и Іущэщкіэр зи тхьэкІумэ итхэр, щы фІыцІэ пшэрым и берычэтыр зыщІэжкэр, псэм фІэІэфІ унэ-лъапсэ уасэнэшэм и теплъэр зи нэгу щІэмыкІыжкэр.

А зэман жьжьэм и хьыбар щаІуэтэжкІэ, куэдым ягу къокІыж щыпІэр ибгынэну хуэмейуэ къэна хьэжьыр. Сыт ямыщІами, къахудэкІакъым. Хьэр зей лІыжьыр абы кІэлъыкІуэрэ игъашхэр. КІуэ пэтми, псы хъумапІэр щыз хъурт, къыдэкІуейрт, хьэжьыр щыдэлъ лъапсэм ар къыщекІуалІэкІэ, пщІэуурэ, икІуэтырт. Унэр псым щыщІэтІысыкІам ирихьэлІэу, хьэжьми и псэр зэкІат.

КЪАНЫКЪУЭ Анфисэ.

● ГъэщІэгъуэнщ

ЩІыгум щыплъагъур Іэгум икІуадэмэ

Дыкъэзыухъуреихь дунейм къыдгурымыІуэрэ хэдмыщІыкІыу хэлъыр гъунэжщ. Псалъэм папщІэ:

1. Ди ЩІым ещхь, цІыху зыщІпсэуфын планетэ бжыгъэншэхэр хьэршым щыкуэдщ. Зы щапхъэ. ЩІыр Дыгъэм зэрыпэжжьыжьэм хуэдизкІэ пэжжьэу Кеплер 22-б жьыхуиІэ планетэр и вагъуэм епхащ. Абы къокІ а планетэм и щыІагъ-хуабагъкІэ, и зэхэлъыкІэкІэ, давленэкІэ ЩІым и «ТІолъхуэныкъуэу». Ауэ щІэныгъэлІхэр нобэми зодауэ Кеплерым ящІэ щыІэрэ щымыІэрэ яхуэзэмыгъэкІыу.

2. Чилирэ Перурэ зыщызыубгъуэ Атакамэ къумым зэи уэшх къыщешхакъым. Антарктидэ и гъущапІэхэми илъэс мелуан бжыгъэ хъуауэ уэшх тешхакъым.

3. Шэ къызыщІэкІ псэущхьэхэм нэхъ цІыкІу дыдэу яхэтыр Азием щопсэу. Ар «кхъуэпэ дзыгъэнэф» жыхуаІэращ. Абы сантиметри 3 - 3,5-рэ и инагъщ, грамми 2 нэхъыбэ хъуркъым.

4. Дунейм псэущхьэ нэхъ ин дыдэу тетыр фщІэрэ? Пыл? Хьэуэ! Іэгъэбэгуэрращ. Ахэр хьэкІэхъуэкІэхэми къэкІыгъэхэм хабжэркъым, атІэ гуп щхьэхуэ ящІауэ, тІуми щымыщу къалъытэ. 1992 гъэм щІэныгъэлІхэм къахутауэ щытащ зи лъахъцыр гектарым нэблагъэ Іэгъэзбгу. ЩІыгум щыплъагъур Іэгум икІуадэмэ, абы къикІыр-къым и лъахъцри цІыкІуу!

5. Индонезием щыІэ Тамборэ вулканыр 1815 гъэм къибыргъуКІауэ щытащ. Ар апхуэдизкІэ шынагъуэу къэуати, и макъыр километр минитІкІэ зэхэпхырт, икІи баллу 8 хуагъэфэщат. А насыпыншагъэм цІыху мин 71-рэ хэкІуэдащ. Тамборэ вулканым и и кИкІыгъуэм нэхъ шынагъуэ тхыдэм хэмытауи къалъытэ.

6. Бгыхэр дэнэ къыздикІыр? ЩІы лъабжьэр зокІуэ, гу лъыдмытэми. ЩІым щІэлъ тектоническэ плитахэр щызэбгъэдэкІуэри щызэбгъэдэкІуати щы-Іэщ. Ахэр щызэбгъэдэкІуатэкІэ, я зэпымыпІэ хъуар щы щхьэфэм къыдрехуей икІи бгы мэхъу. Псалъэм папщІэ, Индиемрэ Тибетрэ я зэхуаку дэлъ, километр мини 2,9-кІэ зызышэщІа Гималайхэр илъэс мелуан 40 - 50 ипэкІэ къэунэхуауэ щытащ.

7. ЩІым и континентхэр зэгуэр зы хытІыгушхуэу щытащ. Ар нэрылъагъущ континентхэр компьютеркІэ зэхэбгъэувэмэ - я гъунапкъэхэр зэжьэдоувэ, зэгуэр зэрызэгуэчам и щыхьэту. Илъэс мелуан 200-кІэ уэзІэбэкІыжжмэ, щыІар Пангеякіэ зэджж континент закъуэращ. ЩІэныгъэлІхэм зэхуатауэ щытащ зи лъахъцыр гектарым нэблагъэ

8. Мазэр дэнэ къыздикІар? Еджагъэшхуэхэм хэдмыщІыкІыу илъэс мелард бжыгъэкІэ уэзІэбэкІыжжмэ, вагъуэижжэмрэ планетэхэмрэ щІэх-щІэхыуэрэ зэжьэхэуэу щытащ. ЩІым кІыгуэздами ЩІым кІыжььэхэуа вагъуэижьым щыщми и пэжьпІэр гурыІуэгъуэкъым, ауэ Мазэр зыгуэрым и къутахэуэращ.

9. ЩІым дыщэр куэду щІэлъщ, ауэ абы унэсыну гугъущ. Дыщэм и нэхъыбапІэр хым хэшыпсыхьащ, къэнэжар хы лъабжьэм щІэлъщ. ЗэрыжаІэмкІэ, хы лъабжьэм щІэлъ дыщэр къыздрахеифатэмэ, дунейм цІыхуу тетым тебгъашэмэ, дэтхэнэ зыми дыщэ килограмми 4,5-рэ къылъысынут.

10. ЩІым и процент 70-р псым еубыд. А псым щыщу цІыхум иджамрэ игъэунэхуамрэ процент 5 ирикъуу араща. Адрейм нэсыфыркъым.

11. ЩІыблэмрэ уафэгъуэгъуэмрэ псоми фІыуэ доцІыху. ЩІыблэр мэхъуэпскІри, итІанэ уафэгъуэгъуэр къэІуу аращ. ТІъагъуэмрэ зэхэтхымрэ щІы-зэтемыхуэр нэхумрэ макъымрэ зэрызаужьым я псынщІагъэр зэрызэхуэмыдэращ. ЩІыблэр зэ хъуэпскІамэ, хьэуар градус мин 30-м нэсу къигъэлІэщІыр. Къуэр щыблэракъым! ЩІыблэр къаблэращ. Къуэр хьэуа къэплъаращ.

12. ЩІыр сытым щыгъуи удзыфэу щытакъым. Ялэ микробхэр къыщыунэхуа лъэхъэнэм ди ЩІыр шакъафэу щытауэ жаІэ.

13. Вулканхэм я закъуэкъым къауэр... Гуэлхэми яІэщ апхуэдэ щытыкІэ. Камерун щыІэщ апхуэдэ гуэл зыбжанэ. ЗэрыжаІэмкІэ, ахэр вулканым и щыгум итуращи, гуэл лъабжьэм углекислэ гъуэз щызэхуехус. А гуэззыр зэ къауэмэ, Іэгъуэблагъэм щыІэу зы псэущхьэ къелынукъым - гуэззым итхьэлэнуц.

14. Нэхъ куу дыдэу ЩІым иІэр сыт хуэдэ щыпІэ жьпІэмэ, ар Мариинскэ кумбраУэ къалъытэ. Ар метр 10916-м щыІэщ. Псы лъабжьэ мыхъуу, щыпІэ нэхъ куур - метр 2555-м ноблагъэ. ЗдэщыІэр Антарктидэращ икІи мыл лъабжьэм щІэлъщ.

15. Мывэхэми «къакІухь». Калифорние щыІэ Рейстрек-Плайе гуэл игъущыкІам и щІэм итІ абрэмывэхэр мэхъеи. Ар къызыхэкІыр къахуэмыщІэу, цІыхухэм хьыбар гъэщІэгъуэнхэр кърахьэкІ. Ауэ, щІэныгъэлІхэм къызэрахутамкІэ, гуэл лъабжьэр псыІэ хуэя нэужь мывэхэр ецІэнтхъуэкІыу аращ, армыхьымэ, къакІухьыркъым.

16. Мазэм къищынэмыщІа, ЩІым иджыри зы гъусэ иІащ. А тІур зэжьэхэуэжу зыр щэщауэ, Мазэм иІэ кумбышхуэри абы и Іэужьу къаІэлытэ. ЩІым и гъусэ щэщам и зы Іыхьэу къыщІэкІынущ нобэкІэ Мазэ етІуанэу яБжыр. Абы и инагъыр зы метрым нэсуращ, ауэ зэпымычу ЩІым и орбитэм иту къыдоджэрэзэкІ. ЩІым пэгъунэгъуу блэлъэт ваГъуэижжэр зыщІишэрэ, орбитэм (нэхъыбэ дыдэу) мазибгъукІэ иту, ЩІым щэнйрэ къеКІуэкІыу зыбгынэжжэри щыІэщ.

17. Джомолунгмэ (Эверест) бгым нэхъ лъагэ щыІэкъым, абы и лъагагъыр метр мини 8848-рэ ирокъу. Ауэ Эверест лъабжьэ иІэщ. А лъабжьэр хиубыдэу къапщамэ, метр 17170-рэ хъунут.

18. ЩІым и Іыгуэ хъужьыр сыт? Антарктидэр щІым и Іыгуэу къаІылъэтэ. Абы щызэхуэхьэсащ дуней псом псы къабзэу тетым и процент 70-р, мылым и процент 90-р.

19. ЩІыпІэ нэхъ щІыІэ дыдэри Антарктидэщ здэщыІэр. 1983 гъэм абы градус 89,2-рэ и щІыІагъуу къыщигъэлъэгъуауэ щытащ.

20. ЩІыпІэ нэхъ хуабэ дыдэр дэнэ жьпІэмэ, ар Ливиеращ. 1922 гъэм и хуабэр градус 57,8-м щынэса къэхъуащ.

21. ЩІыхьэт зэрыщыІэм хуэдэу, Мазэри мэхъеи.

22. ЩІэныгъэлІхэм ЩІым и ныбжьыр къахутащ - илъэс мелларди 4,54-рэ.

Тетис тенджызыр



Курыт еджапІэ щІэс дэтхэнэ зы ныбжьыщІэми къыбжиІэнущ ЩІым тенджызипл1 зэрилІэр. Кавказым ахэр фІыуэ пэжьжьэщ. Ауэ куэдым ящІэркъым Кавказыр езыр пасэрей зэман жьжьэм тенджыз лъабжьэу зэрыщытар.

ДИ ЩЫНАЛЪЭР къапщтэмэ, пхъэкІэжьым пасэрей псы псэущхьэхэр зыхэжьыхьа мывэ гъэщІэгъуэнхэм уащроХьэкІэ. Псалъэм папщІэ, мэл бжьакъуэм хуэдэу щыхьа аммонитхэр, шэ папцІэм ещхь белемнитхэр, къинэмыщІхэри. Апхуэдизуэ Европэмрэ Азиемрэ зэрыщытУ. Ахэр къыздикІам и жэуап къалъыхьэуэ, еджагъэшхуэхэм къхэутэныгъэ куэд ирагъэкІуэкІащ. ИкІэм-икІэмэ, псори арэзы здытехьауад илъэс мелардкІэ уэзІэбэкІыжжмэ, пасэрей континентхэу Гондванэрэ Лавразиемрэ я зэхуакум Т

МОЛЭ Артур: Ящыгъупщэжа уэрэдхэр жысІэнырщ сызыщІэхъуэпсыр

***Ди редакцэм и хьэщІэщым къытхуеблэгъащ уэрэджы4аКІуэ цІэрыІуэ, дунейпсо фестивалхэм я лауреат Молэ Артур. Макъ лъэщ зиІэ, зэпымыуэ зи зэфІэкІымрэ щІэныгъэмрэ хэзыгъаХуэ щІалэр и екъулІэныгъэхэмкІэ, мыгувэу итыну концертым и программэр зыхуэдэмкІэ къыддэгуэшащ.**

- ХьэтІохъуащыкъуей къуажэм щыщ щІалэщІэм уэрэд жыІэным удихьэхыныкІэ щапхъэ пхузхъуам, щІэныгъэ щызбгъэгъуэтам я гугъу уэрэгъэщІынут.

- СызэрыщыкІурэ макъамэмрэ къафэмрэ сахуэхамэтэкъым, ауэ нэхъри сыщыдахьэхар курыт еджапІэм сыщыщІэсарщ. МакъамэмкІэ дезыгъэжа Афэщ1агъуэ Зое куэд къысхилъхьащ, си эзфІэкІхэм зригъэжащ. А унэтІыныгъэхэмкІэ щыІэ гупжьейхэм сыхэтурэ сыкъекІуэкІащ. Гу къыслъэтэри, щыІналъэ, республикэ зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм срагъэблагъэ, увыпІэхэр къыщыцхъ хъуащ. Ещанэ класым сыщІэсу сызыхэта «Зауэм теухуа уэрэдхэр» республикэпсо зэхъэзэхуэм къыщыхсха ялпэ екъулІэныгъэр нобэ хуэдэу сощІэж. Бахъсэн къалэм щекІуэкІа а зэхъэзэхуэм и саугъэт нэхъыщхьэр къысхуагъэфащат, «1941 гъэм и гъатхэ. Бжьыхьэ валыс» уэрэдыр зэрызгъэзэщІам папщІэ. Абы, дауи, гугъэ дахэхэр къызитащ, зэфІэкІ къэзгъэлъэгъуэну, зыкъызэхъуэсхыну сытригъэгушхуащ.

Си адэшхъэмрэ си адэмрэ макъамэр я Іэпэгъуэ. Си адэшхъэм и макъ зэхэсхыну къыскухуякъым, ауэ си адэм гитарэр еуэурэ уэрэд зэрыжиІэм седэІуэну сфІэфІ дыдэт. Аэр щалхъэ схуэхъуащ. ИтІанэ, ди гъунэгъу псэу уэрэдус икІи уэрэджы4аКІуэ Джэдгъэф Хьусен сриджэурэ балалайкэ щеуэкІэ уэрэд жызигъэІэрт. Абыи куэдкІэ сыдэпльъеящ.

Уэрэд жыІэныр Іэщ1агъэ хуэмыхуамри, си шыпхъу Альбини макъ дахэ иІэщ. Ди гуапэу дигу кьыдогъэкІыж курыт еджапІэм дыщыщІэсым телевизыным зэгъусу дызэрыпрагъэблэгъар, уэрэд зэрыщыжьитІар. Си къуэшым дзапэ уэрэдхэр кьиришын, згъэзащІэжым дежьуэн фІэфІщ.

Курыт школыр хъэзуха нэужь, макъамэм сыхуеджэну мурад сщІыри, Щэнхабзэмрэ гъуазджэмкІэ колледжым сыщІэтІысхьащ. Академическэ уэрэдхэр жыІэныкІэ зэзгъэгъуэта щІэныгъэм щыхэзгъэзэхъущ Кавказ Ищхъэрэм Гъуазджэмкіэ и къэрал институтым.

- Языныкъуэхэм къалъытэ езы Іэщ1агъэм укъыхихыу. Уэрэджы4аКІуэ умыхъуамэ, сытыт ыкІыпхэкІыну къэлпльытэр?

- Абы сэр-сэру куэдрэ сегупсысащ. ГъащІэм гъэзгу куэдым ухеГьадэ. Сыщеджэ зэманми, нэгъуэщІ Іэщ1агъэ кхыхэсхыжмэ мыхэхьифІу пІэрэ жысІэурэ сыщычмэджащэ кхыскухуяким, сыт щыгъуи абы сыхуэкІуэжащ. Зэхъыхьэр, пшыхьэр къызэзгъэпэщыну сфІэфІщ. Си концертхэр езым зэхъэошэж. Хэт ищІэрэ, къызэгъэпэщакІуэ е хьэрычэтыщІэ къыскэкІынкІэ хъунт?! Ауэ, уэрэд жыІэныр Іэщ1агъэ схуэмыхъуами, макъамэр щыщ1ажьэкІэ ухагъадэркъым, кхыпхуагъэфащэ дэтхэнэ зы ролри, ухуей-ухуэмейми, бгъэзэщІэну уи къэзгъэкІ. Классикэ лэжьыгъэхэр фІыуэ слъагъурти, партиехэр къызэхъулІэрт. СфІэфІ дыдэу сыщыджэгуахэм ящыщщ Молчанов Кирилл и «А зори здесь тихие», Чайковский Пётр и «Иолан та» оперэхэр.

Ялпрауэ, ди Музыкэ театрым и лэжьыгъэр нэхъыбэу зытегъэщІар ди лъэпкъ оперэхэрщ, урыс, дунейпсо спектаклхэр, оперэхэр куэду щагъэувыркъым. Лъэпкъ оперэхэри Іэщ1ыб ямыщІу, хамэ къэралхэм я классикэ лэжьыгъэхэми гупльытэрэ пщІэрэ хуащІу зэдагъэлэжьамэ нэхъыфІу къыщІэкІынт. ЕтІуанэрауэ, артистхэмкІэ ди театрыр ирикъуу къызэгъэпэщащ. Ещанэрауэ, ди жагъуэ зэрыхъунщи, иджыпсту абы цІыхуэхэр екІуэлІэу схужьІэнукъым. Дыщыстоудтым нэхъыбэр баштекъуэзкІэ ягъакІуэу щытауэ аращ. Иджыри абы зихъэжьауэ ту льпльтэркъым. Абы и лъэныкъуэкІэ ІэмалыфІу къызолытэ дунейпсо щэнхабзэ, гъэзджэ зэхьыхьэхэр, Іуэху зэІуэмыбзэхэр къыщІэІэт театр фестивалхэр ди щІыналъэм къыщызэрагъэпэщыныр. Ар щхьэпэнут ди театр гъэзджэм зиужьыныкІэ, а унэтІыныгъэр efІэкІуэныкІэ, ди республикэм и цІэр къэралым, дуней псом щыІуныкІэ. Хэт ищІэрэ, зэман дэкІра ди театрым и лэжьыгъэм нэхъ зиубгъу хъумэ, си гуапэу сыщылажьэнущ, сызыщІэхъуэпсартиехэр сфІэфІу щызэгъэзэщІэнущ, сыщыджэгунущ.

- Налшык Профсоюзхэм щэнхабзэмкІэ я унэм жэпуэгъуэм и 26-м щыптыну «Сыщалъхуа си Хэку» уи концертым и программэм дыщыбгъэгъуэзамэ ди гуапэт.

- Къызэрыхэзгъэщащи, ятэ си щхьэзакъуэ концертым классикэ уэрэдхэр, етІуанэм Магомаевым игъэзащІэу щытахэр къызэщІаубыдат. Иджыри программэм адыгэ цІыхубэ уэрэдхэр нэхъыбэу хэзгъэхьащ. Къэбгъэпльагъуэмэ, ятэ дыдэу къызэрыщІэздзар адыгэ цІыхубэ уэрэдыжьхэрщ. ЕджапІэ нэужьым классикэм нэхъ зеста хъуами, ахэр Іэщ1ыб зэрызмыщІыным сыхущІокъуэ. Пшыхьым щыжысІэнущ си уэрэдыщІэ зыбжанэ. Нэхъапэхэм си концертхэм къекІуэлІахэм я лъэІукІэ, классикэ уэрэдхэри Магомаевым игъэзащІэу щытахэри хэзгъэхьащ. Концертым си гуапэу къеэгъэблагъащ си лэжьыгъуэу, си ныбжьэгъуэхэу Хьэжъул Оксанэ, Зеущэ Іэуес, Алиевэ Айнэ, Щоджэнцыкіу Аслъэн, Ташло Алий, Насып Дианэ, Дыдар, Бий Аслъэн, «Джэгуакіуэ» цІыхубэ ансамблыр, «Кавказым и щІалэгъуалэ» ансамблыр. Адыгэ уэрэд защІэу пщыхьэщхьэр къыскузэгъэпащынут, ауэ апхуэдэ уэрэджы4аКІуэхэр гъунэжу дИІэщ. КъекІуэлІэну псори арэзы зэрыщІынырщ сызыхущІэкъуэр. КъурихьэлІэнухэм концертыр щІэщыгъуэ, гъэщІэгъуэн ящыхьуну сыщогугъ.

- Уи лэжьыгъэр къыддэзыгъэпсынщІэ, къыддэзыгъэкІуатэ цІыхухэр щыІэу къыщІэкІынщ.

- Си пшыхьым и хьэщІэхэр апхуэдэхэщ. КъищынэмыщІауэ, и цІ къыхэзгъэщІэныну си гуапэщ Афэщ1агъуэ Зое Бахъсэн щекІуэкІа зэпеуэм сыщишам цІыхугъэ къыскузыхъуа, абы ІьандэрэІ сызыдэлажьэ звукорежиссёр Аренгольд Сергей. Абы и «Звонкие голоса» гупжьейм сыхэту щытащ. Сергей уэрэдхэр кьегъэщІэрэщІэж, фонограммэхэр етх, концертхэр, зэпеуэхэр къызэрегъэпэщ. Илъэс зыбжанэ хъуауэ дыдзэдлажьэ, зэрыкуэзфІекІкІэ къыздоІэпыкъу. Къыпыс жэуаплныигъэр зыхищІэрэ гудзакъэ иІэу Іуэхур и кІэм нэсыху зэфІэзыгъэкІ цІыху зырызхэм ящыщщ. И Іуэху зехьэкІэм, хэлъ щІыкІуегъэм папщІэ пщІэ лейрэ дзыхьрэ хузощІ, Іуэхум гу къабзэкІэ пэрыт цІыху пэжщи.

- Уи лэжьыгъэм ехьэлІауэ узрихьэлІэ лъэпощхьэпо, узыгъэгъазэ Іуэху зэІуэмыбзэ щыІэ?

- ЗэрыщІэщи, иджыпсту фоногроммэщ нэхъыбэм уэрэд зэрыжаІэр. Си концертыр апхуэдэу къысхуэзгъэпэщынукъым, псэгъэгуфІэ хэслъагъэркъыми. Пшыхьым кхрихьэлІэ цІыхухэми дэрэжэгуэрэ гухэхъуэгъуэрэ абы ритыркъым, я нэгуи зригъэжьыркъым, дэтхэнэ зы уэрэд жыІэкІэми къызэрыпхутемыгъэзэжьынкІэ, ар артистым и псэм и щытыкІэм зэрелъытар къэплъытэмэ. Урысей артистхэмрэ уэрэджы4аКІуэхэмрэ фонограммэр нэхъ къащтэми, хамэ къэралхэм езыр-езыру щыжаІэ. Ди гъунэгъу Куржыри абыкІэ щапхъэхъщ. Абыхэм закъыкІэрыдмыгъэхуу ялпэ дызэрищынырщ дызыхущІэкъун хуейр. Фоногроммэм куэдым зэрызыдрагъэхьэхьым кІыжькІыу зи гъусэу пшыхьхэм уэрэхэми звукорежиссёрхэми задебгъэкІуну нэхъ гугъу мэхъу. Псори дызэгурыІуэрэ езыр-езыру уэрэдхэр къабзэу жытІамэ нэхъыфІу кІыщІэкІынт. УФ-м зэрыщыту мыхъуми, ди щІыналъэм а Іуэху зэІуэмыбзым гулъытэ щыхуащІамэ, ар ягъэзэкІуэжамэ, ди щэнхабзэм нэхъ зиубгъу хъунт.

- Уи лэжьыгъэм ехьэлІауэ сыт хуэдэ мурадхэр уиІэ?

- Си макъым хуэкІуэ, сигу дыхьэ, нэхъ ящыгъупщэжа уэрэдхэр жысІэнырщ си къуэпсапІэр.

- Упсэу, Артур! АдэкІи уеджэну, уи къуэпсапІэхэр зэбгъэхъуІэну ди гуапэщ.

Епсэлъар
ТЕКІУЖЬ Зарет щ.

● Ди псэлъэгъуэхэр

● Университет хъыбархэр

ЕджапІэ нэхъыщхьэр илъэс 85-нэм хохьэ

Тхьэмахуэ блэкІам и кІэухым КъБКъУ-м щагъэлъэпІащ а еджапІэ нэхъыщхьэр къыззрыззрагъэпэщыр илъэс 84-рэ зэрырикъур. Университетым и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Брай Марие хьыбар къыззрагъэдигъэщІамкІэ, махуэшхуэм хуэгъэпса дауэдапщэхэм Іуэхугъуэ хьэлэмэт куэд къызэщІаубыдащ.

ХАБЗЭ хъуауэ, апхуэдэ махуэшхуэхэм ирихьэлІэу студентхэр зэпоуэ лъэпкъ шхыныгъуэхэр гъэзэжьырыныкІэ. Апхуэдэ гъэлъэгъуэныгъэ «ІэфІ икІи къуэат» къыхуэзгъэпэщат иджырей махуэшхуэми. Университетым и къудамэхэм ящыщ дэтхэнэми игъэпьагъуэрт и гъэсэнхэр зыхуэІэижь шхыныгъуэхэр. СтІолхэм къыштральхъэ ерыскъыхэм яхэлът адыгэ, балъкъэр, урыс, япон, къэрпІ лъэпкъ шхыныгъуэхэр.

КъБКъУ-м и махуэм ирырагъэхьэлІэри еджапІэ нэхъыщхьэм и унафэщІэхэм кІэгъэдэжі щІыхь, фІыщІэ тхылъхэр иратыжащ университетым и егъэджакІуэ нэхъыдфІхэм, зэпеуэ зэмылІэужьыгъуэхэм щытекІуа студент пажэхэм. Къызэхуэса псоми псалъэ гуапэкІэ захуигъэзащ КъБКъУ-м и проректор Савинцев Алексей. Ар ехъуэхъуащ еджапІэм и Іэщ1агъэлІхэм, щІэныгъэлІхэм, абы щеджэ щІалэгъуалэм дяпэкІи ехьэлІэныгъэфІхэр зыІэрагъэхъуэ я къалэнхэр ирахъэкІыну.

ГуфІэгъуэр я къафэхэмрэ уэрэдхэмкІэ я1этащ университетым и творческэ гупхэм. «Къафэ» ансамблым зэхиша джэгур дахэу екІуэкІащ.

Университетым и егъэджакІуэхэмрэ абы и студентхэмрэ нэмыщІ махуэшхуэ дауэдапщэм хэтащ Щ1алэгъуалэ спортым зиужьныкІэ дунейпсо семинарым, КъБКъУ-м щекІуэкІам, къурихьэлІэ хьэщІэхэр. Къэзахъстаным, Азербайджаным, Осетие Ипщэм, Абхъазым, Белоруссием къикІа зи щІалэгъуэхэм хуабжу яфІэхьэлэмэтащ я нэгу щІэкІа псори. Апхуэдэу абыхэм хъуащтащ лъэпкъ шхыныгъуэ зэмылІэужьыгъуэхэмкІэ уэзда гуфІэгъуэ Іэнэр.

КЪАРДЭН Марит э.

Езанэ курсым щІэс студентхэм тхьэрыІуэ ящІ

Хабзэ хъуауэ, КъБКъУ-м илъэс къэс щагъэлъапІэ Езанэ курсым щІэтІысхьа студентым и махуэр. Мы гъэми апхуэдэ гуфІэгъуэ зэхьыхьэ къызэрагъэпэщащ студент ныбжьыщІэхэм папщІэ. Аэр псори щызэхуэшэсащ университетым Тхыдэмкіэ, филологиемрэ СМИ-мкІэ и институтым и унэм, студент гъащІэм зэрыщідзар, абы хэлъ Іуэхугъуэ гъэщІэгъуэнхэмрэ къэхъукъащІэ хьэлэмэтхэмрэ щыгъуазэ хуащІу. Абыкіэ хъыбар дигъэщІащ университетым и пресс-Іэнатіэм и лэжьакІуэ Дол Иннэ.

КъБКъУ-м щылажьэ студент, щІалэгъуалэ, творческэ зэгухьэныгъэхэм нэгузыужь программэ купщІафІэ хуагъэхъэзырат ныбжьыщІэхэм. Абы къызэщІиубыдэрт концерт дахэри, еджапІэ нэхъыщхьэм и къудамэхэм я лэжьэкІэхэм яхутепсэлъыхьынри, студент гъащІэм хэлъ щхьэхуэныгъэхэр къахуэзІуэкынри. Институтым и гупэ кІыпІэ утыкум деж къыщыщІэзгъэпэщат университетым и блэкІар, и нобэр, адэкІэ къыпэщылъ къалэнхэмрэ мурадхэмрэ нАуэ къэзыщІ гъэльэгъуэныгъэ хьэлэмэт. Студент хъуагъащІэхэм яфІэгъэщІэгъуэну зыщІапльыхьащ гъэльэгъуэныгъэм. Абдеж щылажьэ пщыІэ щІыкІуэм абыхэм къыщащІащ университетым щыІэ гупжьейхэр зыхуэдэр, езыхэм ягу ирихьа гуэрхэми зыхрагъэхащ.

А псори зэфІэкІа нэужь, езанэ курсым щІэтІысхьа студентхэм тхьэрыІуэ ящІащ. ИтІанэ абыхэм захуигъэзащ КъБКъУ-м и ректорым и къалэнхэр зыгъэзащІэ, университетым щІэныгъэ-къэхутэныгъэ лэжьыгъэмкІэ, къэрал щІыб зэпыщІэныгъэхэмкІэ и проректор **Савинцев Алексей**. Студент гъащІэм хьыхьагъащІэхэм гуапэу ехъуэхъуа нэужь, ар къытеувыІащ еджапІэ нэхъыщхьэм щІалэгъуалэм щІэныгъэфІ щызрагъэгъуэтын папщІэ Іэмал псори зэрыщыщыІэм. Савинцевым ныбжьыщІэхэм яритащ студент билетхэр.

Махуэшхуэм хэтар студентхэмрэ абыхэм я егъэджакІуэхэмрэ я закъуэкъым. Іуэхум яфІэфІу зыкъыгъэхьэлат ныбжьыщІэхэм я адэ-анэхэм. Абыхэм псалъэмакъ щхьэпэ ядригъэкІуэкІащ КъБКъУ-м гъэсэныгъэ лэжьыгъэмрэ социальнэ ІуэхуэхэмкІэ и проректор **Къумыкъуэ Іуэрс**.

ГуфІэгъуэм и кІэухыу Сокуров Александр и мастерскоим зыкъыщагъэльэгъуащ КъБКъУ-м уэрэдымкІэ и театр «Амикс» гупым. Абыхэм студентхэм ирагъэльэгъуащ «Нартхэм я дыгъэ» мюзикльр.

ТАМБИЙ Линэ.

«Автозапчасть»-р чемпионщ!

● Футбол

Зэхьэзэхуэр иухыным иджыри джэгугъуищ иІэжу Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и чемпион хъуащ Бахъсэн и «Автозапчасть»-р.

КЪЭНЭКА джэгугъуиплІым ящыхьэшы щытекІуэмэ, дыщэ медалхэр зыІэрыхьэжу «Автозапчасть»-м и футболистхэм Іуэхур КІыхьлІыкІэ ящІакъым. Псынэдахэ щыІэу абыхэм хагъэщІащ щыпІэ «Родник»-р икІи зыри зылъэщІэмыхьэжьфІн хъуахэщ.

Мы зэІущІэр хуабжу гуащІэу екІуэкІащ. Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм кІыхэнэ папщІэ «Родник»-м и дежкІэ дэтхэнэ зы очкори дыщэ пэльытэщ. «Автозапчасть»-ри чемпион хъуну хэлІащІэрт. ИкІэм-икІэжьым, хьэщІэхэм зы топкІэ нэхъыбэ дагъэкІри, текІуэныгъэр яхъащ.

Дыщэ медалхэм къадэкІуэу бахъсэндэсхэм нэгуэщІ зы ехьэлІэныгъи Псынэдахэ щызыІэрагъэхьащ. Мыгъэрей зэхьэзэхуэм абыхэм я хьэрхуэрэгъуэхэм щыхудагъэкІа топхэм я бжьыгэр 100-м щІрагъэгуащ.

Бабугент къуажэм щыІэу хэгъэрейхэр хэзыгъэщІа «Союз-Сэрмакъым» Къэбэрдей-Балъкъэрым и кубокым дыжьын медалхэри щІигъужьыну къыщІэкІынущ. Абы папщІэ ар зы текІуэныгъэ закъуэ хуеижу аращ.

Ещанэ увыпІэм ерыщу иризонныкъуэкъу «Къэхъунымрэ» «Тэрчымрэ». Зи чэзу зэІуцІэхэм ахэр бжьыгэшхуэкІэ щытекІуащ.

Гуп нэхъыщхьэм къыхаГъэжьыну щынагъуэ зиІэхэм джэгуГъуэ блэкІам зы очкори къахуэхьакъым. Зи гугъу тщІа «Родник»-мрэ «ЛогоВАЗ»-мрэ къищынэмыщІауэ, я зэІущІэхэр ирагъэхьащ «Кэнжэмри», «Спартак-Налшыкми», «Бахъсэнми». «Іэдииухум» и гугъу умыщІыжьыхэми хъунущ.

Иджы щыгъуазэ фыхуэтщІынщ Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм иужьу щызэхэта зэІущІэхэм кьариКІуа бжьыгэхэм: **«Псыгуэнсу»** (Псыгуэнсу) - **«Іэдииху»** (Іэдииху) - **2:1**, **«Къэхъун»** (Къэхъун) - **«ГорИс-179-Кавказкабель»** (Прохладнэ) - **5:1**, **«Спартак-Налшык-Д»** (Налшык) - **«Велес»** (Къэрэгъэш) - **0:1**, **«Родник»** (Псынэдахэ) - **«Автозапчасть»** (Бахъсэн) - **2:3**, **«Бедик»** (Арщыдан) - **«Нарт»** (Нарткъалэ) - **3:1**, **«Бахъсэн»** (Бахъсэн) - **«Тэрч»** (Тэрч) - **1:8**, **«ЛогоВАЗ»** (Бабугент) - **«Союз-Сэрмакъ»** (Налшык) - **2:4**, **«Хьэтіохъущыкъуей»** (Хьэтіохъущыкъуей) – **«Кэнжэ»** (Кэнжэ) - **6:1**.

ХЬЭТАУ Ислъам.

Къэбэрдей-Балъкъэрым футболымкІэ и гуп нэхъыщхьэм зэхьэзэхуэр зэрыщекІуэкІыр

Командхэр	Дж.	Къ.	З.	ФІ.	Т.	О.
1. «Автозапчасть»	27	24	2	1	102-29	74
2. «Союз-Сэрмакъ»	27	20	4	3	95-41	64
3. «Тэрч»	27	18	4	5	73-32	58
4. «Къэхъун»	27	17	7	3	83-38	58
5. «Велес»	27	14	4	9	80-72	46
6. «Нарт»	27	14	2	11	67-62	44
7. «Хьэтіохъущыкъуей»	27	11	7	9	63-62	40
8. «Бедик»	27	12	3	12	63-61	39
9. «Псыгуэнсу»	27	11	5	11	50-55	38
10. «ГорИс-179-Кавказкабель»	27	10	2	15	58-69	32
11. «ЛогоВАЗ»	27	7	6	14	60-86	27
12. «Бахъсэн»	27	7	3	17	51-108	24
13. «Родник»	27	6	4	17	49-77	22
14. «Спартак-Налшык-Д»	27	5	7	15	46-50	22
15. «Кэнжэ»	27	6	0	21	49-98	18
16. «Іэдииху»	27	3	2	22	33-84	11

ІэнатІэщІэ къызэІуах

Налшык къыщыщІэзІуахащ «Нальчикская теплоснабжающая компания» муниципальнэ Іэнатіэщіэ.

ДИ щЫХЬЭРЫР бжьыхьэ - щЫмахуэ лъэхъэнэм хуабжьу зыхуей хуэгъэзэныр зи къалэн нэхъыщхьэу нобэм къэс щыта «Теплоэнергетическая компания» ОАО-м а пщэрылъыр зэрыщхьэщащхьмкІэ Къэбэрдей-Балъкъэрым и къэрал Іуэхущ1апІэхэмрэ щыналъэ администрацэмрэ хъыбар ирагъэщІащ. Дауэ мыхъуми, мыгъэрей гъэплъыгъуэ зэманым ди республикэр сыткІи хуэгъэхьэзырыным ехьэлІа лэжьыгъэхэр хъарзынэу ОАО-м зэфІихащ.

ШЭРЭДЖ Дисэ.

Редактор нэхъыщхьэ ХЬЭФІЫЦІЭ Мухьэмэд

Редколлегием хэтхэр

ЖЬэкІэмыхъу Маринэ (редактор нэхъыщхьэм и ялпэ къуэдзэ - жэуап зыхь секретарь), **Жылаесэ Заурбэч** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Щирдий Мариие** (редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэ), **Къардэн Маритэ, НэщІэпыджэ Замирэ, Хьэжыкъарэ Алик, ЩІхьэщэмыщІ Иэ.**

Езыгъэтхаэр

«Адыгэ псалъэ» газетыр КъБР-м и Парламентымрэ Правительствэмрэ ирагъэтхащ (учредителхэр).

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

КъыдэзыгъэкІэмрэ редакцэмрэ я хэщІапІэр 360030, Къэбэрдей-Балъкъэр Республикэ, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 5

ТЕЛЕФОНХЭР: редактор нэхъыщхьэм, секретарым - 42-56-19; редактор нэхъыщхьэм и къуэдзэхэм - 42-63-64, 40-48-54, 40-06-33; жэуап зыхь секретарым - 42-22-82; секретариатым - 42-22-66.

КЪУДАМЭХЭМ: политикэмкІэ, жылагъуэмрэ лъэпкъ ІуэхуэхэмкІэ - 42-22-86; къуажэ гъащІэмрэ экономикэмкІэ - 42-57-59; щэнхабзэмкІэ - 42-75-36; обозревателхэм - 42-22-89; хабзэхъуэмэ Іуэхущ1апІэхэм ядэлэжьэныкъо - 42-60-53; хъыбарыщІэхэмкІэ, спортымрэ письмохэмкІэ - 42-22-88; егъэджэныгъэмрэ щІэныгъэмкІэ - 40-15-31; здэзекІакІуэхэм - 42-21-88; корректорхэм - 42-60-27; бухгалтериемрэ - 40-69-32; ЭВМ-м и операторхэм - 42-22-84; компьютер Іэнатіэм - 42-26-41; сурэттехым - 42-75-78.

Теддзэ тхыгъэхэм къыщыхьа бжьыгъэхэм, къыщІэТа Іуэхугъуэхэм я пэжагъымкІэ ахэр зытхахэм нэсу жэуап ахь. Авторхэмрэ редакцэмрэ я Іуэху епльыкІэр зэтехуэ зэпыту щытхьым.

Газетыр Іэ тезыдзаэм яхуэхъыныр и пщэ дэльщ КъБР-м федеральнэ пощт зэпыщІэныгъэхэмкІэ и управленэм.

Тел.: 76-01-28, 76-01-10

● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ● ●

Газетыр 1994 гъэм мэкъуауэгъуэм и 14-м Печатым и хутныныгъэр хъуэныкІэ Къэбэрдей-Балъкъэр щІыналъэ Іуэхущ1апІэм №Н-0065-м щІэту ятхащ.

Зы илъэсым газетыр 250-рэ къыдокІ.

«Тетраграф» ООО-м щытрадзащ. КъБР, Налшык къалэ, Лениным и уэрам, 33

Мы къыдэкІыгъуэм елэжьахэщ: жэуап зыхь секретарым и къуэдзэ **Къанщокъуэ Эллэ**, *редакторыу* **Лъостэн Муэ**, *корректорхэу* **Щоджэн Инэ** *(1, 2-нэ нап.),* **Щоджэн Заирэ** *(3, 4-нэ нап.), корректорхэм я дзэпкъыгъэгу* **Нэужьокъуэ Заирэ.** *КомпьютеркІэ газетым и теплІэр ящІащ* **Дол Мариие, Ныр Сандэ, Щомахуэ Марианнэ, Мэлбахъуэ Анжелэ, Бецто Оксанэ,** *сурэтхэм елэжьар* **Бицу Жаннэщ.**

Номерыр «Адыгэ псалъэм» и компьютер Іэнатіэм щагъэхьэзыращ.

Газетым Іэ традзэн хуейщ сыхьэт 20-м, щытрадзар сыхьэт 20.00-рщ.

Индексыр 51531 ● Тираж 3.414 ● Заказ №1610